



P R I M B O N K E R I S

1. PRIMBON PUSAKA, WASIAT. JAMAT KRATON-KRATON JAWI.
2. BAB PANGGAWÉNÉ UKIRAN MENDHAK LAN BENDHOK, Almanak Djawi 1922
3. NAMA KERIS.




Kasalin ukara sarta kakempalaken déning: Koko Widayadnoko.

Nopèmber 1995 - Pébruari 1996.



PRIMBON KERIS

1. PRIMBON PUSAKA, WASIAT, JIMAT KRATON-KRATON JAWI.
2. BAB PANGGAWÉNÉ UKIRAN, MENDHAK LAN PENDHOK, Almanak Djawi 1922
3. NAMA KERIS.



Kasalin ukara sarta kakempalaken déning: Koko Widayatmoko.


Nopèmber 1995 - Pébruari 1996.

abu utas

PRIMBON
PUSAKA - WASIAT - DJIMAT
KRATON-KRATON TANAH DJAWA


A T A U

PRIMBON KERIS



BUKU KE - I

PRATÉLANIPUN PAMOR SAE UTAWI AWON



No. 1. Dipun wastani pamor Chahibulchuju, panggèn nanipun wonten ing bongkot. Yèn kagem perang saged ngalang-alangi ingkang ngagem. Ageming para Ratu. Boten katawis manawi dipun prajaya satus nagari.



No. 2. Dipun wastani pamor Raja Suléman, pundi ing kang kanggènnan sakarsannipun tumunten kadumugèn, saha kénging kanggé tulak sesakit, yèn binekta ing perang saged rumeksa ingkang nganggé. Hingajrihhan ing lelembat. Boten kénging dipun damel awon sasami. Tulus saha cekap ing donyanipun.




No. 3. Dipun wastani pamor Nur, kénging kanggé jimating nagari. Ingkang kanggènnan duma-dakan sugih. Menawi katempuh ing babaya, dipun unus, murub. Kathah sawabbipun. Pantès kagem para Ratu.



No. 4. Dipun wastani pamor Batulapak, pantès kagem para Ratu. Kaluhuranipun saged tumurun ing putra-wayah. Ing samarginipun tan sah sugih nugraha lan kadunungan raja-brana. Kathah sukanipun, awis sakitipun.




No. 5. Dipun wastani pamor Kutha Mesir, manawi katempuh ing bebaja utawi kinepung ing mengsah, saged boten katingal, boten saged kacepeng. Tiyang boten saged andamel awon, yuwana déning mimis, saged kadunungan arta kathah. Samubarang ingkang kinar sa, gampil.




No. 6. Dipun wastani pamor Ingkal, kiyat tur hing adjrihan ing sato kéwan. Yèn kanggé ngambah ingkang angker-angker, saged dados tawar. Kanggé bondayuda saged unggul, terkadhang mengsahhipun lajeng bingung.



No. 7. Dipun wastani pamor Ratu Sinongsongan, saged marintah tiyang kathah sarta sami kèdhep. Kadunungan sakarsannipun.



No. 8. Dipun wastani pamor Kumbala Geni, yèn wonten baja-pakéwuh, dipun unus, katingal murub. Hingajrihan ing mengsah lan sato kéwan. Yèn pinuju manahipun dosa, lajeng nenuwun ing Pangéran, lajeng katrimah ing pinuwunnipun. Asring mitulungi dhateng tiyang ingkang kawelas-asih.



No. 9. Dipun wastani pamor **Raja Likasan**, yèn kine pung ing mengsah, boten katingal. Kajèn raja-darbèkipun salebeting wisma. Tiyang ingkang ndya awon, dados bingung, terka-dhang lajeng édan.




No.10. Dipun wastani pamor **Iklar**, yèn kadamel pe rang, kaunus, andhatengaken prabawa angin ageng, ingkang ngagem katingal warni sada sa, mengsah sami kami-tenggengen, rumaos dipun bujeng mengsah. Yèn dipun tanyce-paken ing siti, ingkang ningali sami kkalenggak dhawah lan sami tatu. Dados tumbaling nagari.



No.11. Dipun wastani pamor **Panguripan**, manawi dipun agem satriya, saged dados luhur. Yèn kaanggé trah alit, saged dados Sisirah sarta misuwur karaharjanipun, dipun luluti ing sasami, tuwin dados pengaubanipun ing ngakathah.



No.12. Dipun wastani pamor **Tangsul Kinurung**, yèn kagem perang, kalis sagunging dadamel. Manawi badhé kadhawahan dadamel, ingkang andhawahi dumadakan sliranipun ngalumpruk tanpa daya. Yèn kaunus ing paprangan, ingkang ngunus boten katingal.




No.13. Dipun wastani pamor **Mikrat**, agemipun para ageng. Yèn kinarya dagang, kasebuta nami-nipun, lajeng saged énggal pajeng dagan-ganipun. Kinasih ing Ratu. Sadaya tiyang saged asih-tresna. Yèn kanggé ngambah sagenten, rahayu sanget.



No.14. Dipun wastani pamor **Gedhong Mingkem**, kang gé simpen arta ambakahi lan saged wewah-wewah. Yèn kanggé pados sambutan, angsal an. Yèn kanggé nagih potang, dumadakan lajeng manggih rejeki agung. Yèn kanggé nga wula, kinasihan ing bandara. Lan asring saged angsal tiyang èstri ingkang rahayu.

No.15. Dipun wastani pamor **Sirat**, yèn kadamel nga wula, kinasihan ing Ratu, saged dados pra jurit, sapinuwunipun tinurutan. Makaten ugi, saged pikantuk garwa ingkang rahayu manahipun.



No.16. Dipun wastani pamor **Pakar**, hingadjrihhan ing sasami. Sanajan gadhah mengsah, sami tentrem. Gadhah daja kiyat angkat juny-jung. Yèn pinuju wonten damel, asring murub.





No.17. Dipun wastani pamor **Ilkas**, manawi kanggènan kathah bathènipun. Dipun adjirhi ing dursila. Saged ngirup dadamel kathah. Rahayu slamet sawewengkonnipun.




No.18. Dipun wastani pamor **Samber Retna**, ingkang kadunungan ngagem, sugihan. Yèn kabekta kekésahhan, kedah nenumpak, boten purun dipun anggé lumampah dharat.


PAMORING DUWUNG INKGANG WONTENING PUCUK




No.19. Dipun wastani pamor **Sri Tumbuk**, manawi wonten damel, kedah kaunus rumiyin. Sabarang karsanipun kaleksanan, lan kathah untungipun ingkang ngagem.



No.20. Dipun wastani pamor **Diwangkara**, agemipun Ratu sarta prajurit. Sinten ingkang nganggé, suka ing panggalihipun. Lan bilih kataman ing senjata, lepat, dados tawa.




No.21. Dipun wastani pamor **Kendhil Gumantung**, madhangaken banjar pemanahan. Boten kénging dipun damel awon ing tiyang. Kénging kang gé hangusadani tiyang sakit éwah. Patrapipun, kadèkèkaken salebeting kajang-sirah. Yèn dipun unus, saged ngicalaken men dhung, boten saged jawah, nanging ingkang gadhah kedah suci.




No.22. Dipun wastani pamor **Amber Pèni**, manawi kagem wonten baya pakèwuh, mengsahipun kados ningali tiyang kathah, inggih punika ingkang ngrekta. Ugi kawatanan pamor **Sonya**, kénging kanggé tulak tenung. Nanging sampun supé, saben dinten dipun uku bi, dipun menyani madu.



No.23. Dipun wastani pamor **Muslar**, yèn kadamel perang, kados katingal kathah balanipun, sarta malih singkir latu. Saged ngerèhaken napsuning mengsah.



No.24. Dipun wastani pamor **Ratama**, yèn wonten satru utawi mengsah badhé lampah cidra, dumadakan saged kasumerepan rumiyin. Manawi wonten barang ical, énggal pinanggih. Bilih kadamel srana ngupados ulam toya, sayekti angsalan.



No.25. Dipun wastani pamor **Tanggal**, yèn kadamel ngawula, dipun aasihi, mandar dados embanipun tiyang luhur. Angsal drajat kadonyan ageng.




No.26. Dipun wastani pamor **Hijram**, manawi kanggé perang ing saganten, saged menang lan wilujeng.




No.27. Dipun wastani pamor **Raja Gundhala**, punika déwaning pamor. Manawi ngasta rembulan sarta sawer, ageng kasiyatipun. Agemipun prajurit linangkung. Yèn binekta perang, kawasa ngamuk numpes mengsah. Kadunungan sabarang karsanipun ingkang ngagem.


JEJIMATING DUWUNG WARNI TIGA



No.28. (No.1) Pamor **Jijimatin**, mupangati.




No.29. (No.2) Pamor **Jimat**, ageng sawabipun.




No.30. (No.3) Pamor **Jimat**, ageng sawabipun.


PAMOR ING PANGGÉNANNIPUN




No.31. Agemipun Ratu pinunjul, 1. angsal kalenggahhan, 2. misuwur kasaénanipun, 3. hingajrihan ing sasami.




No.32. Agemipun Sénapati prajurit, 1. kuwasa, 2. tan kénging karumiyanan, 3. ageming prajurit, 4. sugih bala, 5. karana ngrumiyini, 6. lepat ing mimis, 7. tundhung mungsuh.




No.33. 1. Tulak bilahi, 2. teguh, 3. tulak gegaman, 4. harumeksa, 5. ingajrihan ing sesamining titah.




No.34. Hingajrihan ing tiyang sarta sugih.




No.35. Boten kénging dipun damel awon ing tiyang, tundhung mengsah, lan yuwana.




No.36. Sugih garwa tuwin kadunyan.




No.37. Ingkang ngagem nyepeng nagari tuwin dipun turut saujaripun ing sesami.




No.38. Agemipun Ratu Agung.




No.39. Dipun asihi ing tiyang kathah tuwin sugih garwa.




No.40. Dipun wastani pamor Wiji Sèwu, kasiyatipun ingkang sinedya gampil.




No.41. Boten kénging katilangso papa, tuwin dipun sihi ing Gusti tuwin sesami.




No.42. Dipun wastani pamor Ranté, kasiyatipun manawi ganjil, saé. Barang ingkang dados darbèkipun wilujeng.




No.43. Agemipun Ratu ingkang maréntah sesamining Ratu.




No.44. Dipun asihi ing sesami lan dipun anggep ing pangandikanipun




No.45. Teguh laksana, dipun ajrihi ing tiyang.




No.46. Golok ingkang gegeripun pecah kados gambar ing nginggil pu nika, yèn pecahipun terus ing pesi, utawi pegat waja wonten ing soran kalih utawi tiga, sarta manawi wonten ing tengah, punika langkung saé. Ananging manawi pecahipun boten dalah pesinipun, punika boten saé.




No.47. Lameng kados gambar punika, agemipun prajurit. Saged simpen arta ingkang langkung kathah.




No.48. Lameng punika kasiyatipun ingkang kagungan saged mengku na gari.




No.49. Dipun wastani pamor **Kalacara** manawi wonten damel dipun unus murub. Dados pikekahing Nagari. Hingajrihan ing wadya-balanipun sadaya.




No.50. Dipun wastani pamor **Jayamusti**, 1. anggangsaraken bukti, 2. manawi prakawisan unggul, 3. angsal garwa ayu, 4. angsal rejeki, 5. sri jagad, 6. suka penggalih, 7. pikantuk untung, 8. pikantuk pamuji saé.




No.51. Tahan kinarya memengsahan.




No.52. Agemipun para Ratu, tinekan sakarsanipun.




No.53. 1. Andhatengaken rejeki, 2. ngajap ngicalaken donya, 3. li la nanging tan katingal. Dados, pamor saé nanging katlusan pamor awon.




No.54. 1. Nguntungaken dagangan, 2. kinasihan wanudya, 3. manawi ngawula dipun asihi bendaranipun.



No.55. Manawi pamor ing tengahipun sogokan warni kados nginggil punika, tetep saé.




No.56. Dipun wastani pamor Pangasih, 1. jaler, 2. boten kekirangan rejeki, 3. pangasiyan, 4. saged maréntah ing tiyang, 5. lepat ing mimis.




No.57. Dipun wastani pamor Tumpuk, 1. awas, 2. pangurutan donya, 3. jaler, 4. kadumugèn ing sedya.




No.58. Kinasih, wanita lan laksana




No.59. Wilujeng lan hingajrihan ing sasami.




No.60. Sugih kawignyan lan dipun esihi Ratunipun.




No.61. Saged sugih, laksana tuwin hingajrihan ing sesami.



No.62. Saged sugih tuwin samukawis ingkang dipun ingah lepat ing sesakit.




No.63. Unggul ing perang sawadya-balannipun.




No.64. Lepat ing dedamel landhep, dados sugih bathi.


ING NGANDHAP PUNIKA GAMBARING DUWUNG INGKANG AWON, BOTEN KÉNGING KAGEM




No.65. Kerep kepandungan samubarang ingkang dipun ingah sami pejah




No.66. Dipun godha ing sesakit, kerep kewirangan, lan asring ngra
osi darbèkipun tangganipun.



No.67. Makan tuwan, ingkang ngagem apesan.



No.68. Kerep dipun bonda lan kerep sakit.



No.69. Dipun wastani pamor Sirah Baya, menawi ngajengaken dateng gonja, watakipun sering notjog ingkang nganggé lan nela-saken sandhang tedha.



BUKU KE-II
No. 1. WESI - AJI

1. Karang Kijang.

Uniné : brengengeng kaya tawon.
Ototé : kaya banyu segara.
Wataké : ampuh, adhem, sabar, pandhitaning wesi, malati yèn ora diopèni.
Rupané :
Pangané : balung endhas ginawé kutug, dèn wur-wuraké, ora pi-sah lenga wangi.

2. Pulosani.

Uniné : gur.
Ototé : kaya watu Atjih.
Rupané : ijo nyambelilèr.
Wataké : tulus, kéringan ing sanagara, di-endel, ngrejekèni, énggal antu kalungguhan, cilakané kaluluh, pandhadhaning wesi, ora kena kanggo dhemenan, maling, nyolong lan liya-liyané, kaya Kemboja.
Pangané : cucuking manuk Pelatuk Bawang, balunging Prekutut, ginerus lan di-wur-wuraké.

3. Mangangkang.

a. Lanang.

Uniné : drung, dawa swarané.
Ototé : wadhag nanging alus kaya bludru.
Rupané : ireng semu wungu.
Wataké : becik banget, anggegirissi mungsuh kaya andeleng ula gedhé, kaya ngetokaké getih, didhemeni wong akèh, dilulut donya, ora kena dialani wong, pangérané wesi.
Pangané : endhasing Macan lan balunging Banyak, dibakar diwor warangan, lenga lamtara lan dhèdès trenggalung.
Asalé : saka ula naga ikang ana sajroning sagara.

b. Wadon.

Uniné : brengengeng.
Ototé : kaya uyah, pating tarenyp.
Rupané : wungu tuntung biru.
Wataké : disih Gustiné, ngrejekèni, gatel yèn kahanan ora ora bisa ditambani, malah dadi lara budhug.
Pangané : balunging sarira balung kucing ireng, lenga kenanga kesambi lan gajihing ayam.

4. Walulin.

Uniné : gung, geter.
Ototé : kaya wedhi, maléla.
Rupané : biru.
Wataké : akas kang nganggo, bisa gawé rega dhéwé, lulus marang kang diingu, kajèn, ngrampung perkar, panas kaya geni.
Pangané : balung kethèk, kayu garu, binubuk diwur-wuraké, lengané candu, lenga wijèn lan lenga krambil.

5. Katub.

Uniné : kung, mbrengengeng.
Rupané : ireng semu ijo, cayané kaya pengilon.
Ototé : kaya rambut.
Wataké : karepé gelis katekan, awas yèn bengi, luput ing mis, kanggo dagangan gelis sugih, asal saka watu ireng.
Pangané : balung kebo lan balung kancil dibaar karo wedhi maléla, lengané candu lan lenga banthèng.

6. **Kamboja.**
 Rupané : putih mrusuh.
 Ototé : kaya gadhung, pating trenyep.
 Uniné : ngong-ngong, sajroné uni ana uni manèh: ting ngong-ngong dawa.
 Wataké : ora kena digawé dhemenan, ora kena digawé maling utawa nyolong, karepé kaya Ratu, ditresnani wong akèh, ora kena susah atiné, ampuh.
7. **Ambal.**
 Rupané : putih semu abang.
 Ototé :
 Uniné : brengengeng, geter kaya ana ing dhedhuwuran.
 Wataké : ampuh, sekti, bisa ora katon, golèk réwang gaman akèh kang becik, guruning wesi, bisa nyirepi, yèn padu ora kalah, diturut ujaré.
 Pangané : oyoding jenu lan gadhung, genjé, kulit bukur, klothokan delima, dèn dheplok dadi siji, diwur-wuraké, lengané gondapura, diwori polotètèk.
 Katrangan : asal saka watu ing gunung.
8. **Winduadi.**
 Rupané : kaya kaca, putih lan biru.
 Ototé :
 Uniné : dhung.
 Wataké : teguh sarta kuwat, ora bisa kelem, yèn perang ora bisa katon.
 Pangané : rasa lan kerpu lan lemah abang, dibakar diwur-wuraké lan lenga wijèn.
 Katrangan : asalé saka leladané Sang Hyang Mudih Barata.
9. **Tumpang.**
 Rupané : biru semu wungu, yèn didelok suwé-suwé bagus.
 Ototé :
 Uniné : jerung, landhung swarané.
 Wataké : yèn diunus, kang andeleng kamitenggengen lan ora duwé bayu.
 Pangané : balung bèbèk, blung garangan, lan warangan didheplok, diwur-wuraké, lengané gaji ayam.
 Katrangan : asalé saka jonggul kantjinging wesi kabit.
10. **Werani.**
 Rupané : kaya kembang teleng.
 Ototé :
 Uniné : ma, brengengeng.
 Wataké : ora kena sawiyah-wiyah, ora ena didèkèk ing sikil sing nganggo; yèn panyèn kuwat, énggal éntuk kalungguhan lan dadi wong gedhé; yèn ora kuwat, dadi kemlaratané; teguh, bisa ora katon, mlumpat adoh.
 Pangané : balung lutung, endhas ula, didheplok, banyuné jeruk pecel, kayu urip.
 Katrangan : asalé saka gunung Serandhil, ngungkuli hampuhané wesi kabèh, omba sogoké kulit daging.
11. **Werangi.**
 Rupané : uning semu ijo.
 Ototé :
 Uniné : nging, mbrengengeng.
 Wataké : gawé ngupaya sandhang pangan gelis olèh lan slamet, ora kena ginawé motangaké, yèn ginawa lelungan akèh kang miring.
 Pangané : balunging manuk dara, babakan kayu asem, lan warangan didheplok, diwur-wuraké, lengané gaji ayam.

12. **Taraté.**
 Rupané : ireng nglumut.
 Ototé :
 Uniné : brengengeng.
 Wataké : digawé golèk wong wadon gelis olèh lan ora kena di-
 alani ing wong.
 Pangané : cangkok kemiri, lan madu, dèn wur-wuraké, lengané
 dhèdhès.
13. **Maléla Ruyun.**
 Rupané : putih semu biru.
 Ototé : seraté kaya rambut.
 Uniné : preng, gumeter.
 Wataké : teguh, kaya wesi **Karinduaaji**, kena ora ana sing diwe-
 dèni.
 Pangané : kuliting pitik putih mulus lan warangan, diwur-wur-
 aké, lengané kemiri lan kenanga.
14. **Maléla Gendhaga.**
 Rupané :
 Ototé :
 Uniné : tung.
 Wataké : ora kena binendon ing wong Agung.
 Pangané : ora katrita.
15. **Kenur.**
 Rupané : kaya wulu gagak, suwé-suwé medèni, yèn diputih rupa
 né biru.
 Ototé :
 Uniné : srung, brengengeng kaya sungsun.
 Wataké : teguh, dagangan olèh bathi gelis, disuyudi ing wong
 ngakèh, karepé kejurungan.
 Pangané : lenga candu.
 Katrangan : ora kena kepanasen, yèn kepanasen dadi empuk, yèn
 ngatosaké disiram getih, dadi talining wesi kabèh,
 asal saka lak-lakané Sang Hyang Mudih Bathara kala
 ana sajroning sagara, iluné kang cinijab dadi wesi.
16. **Tumbuk.**
 Rupané : Putih semu kuning.
 Ototé :
 Uniné : gong, mbrengengeng.
 Wataké : gedhong donya, bisa simpen barang, ora kena dialani
 wong, yèn ana pakéwuh diunus gegirisi, lemah sangar
 kayu angker dicédakaké, dhemit padha lumayu kaya
 ana kang mburu, ing peperangan mengkono uga, mung-
 suh weruh kaya murub, ampuh, gatel.
17. **Balitung.**
 Rupané : ireng semu wungu meles.
 Ototé :
 Uniné : mung, landhung swarané.
 Wataké : digawa ing sagara serepan olèh iwak, ing tetanèn lu
 put ing ama, bisa nemu pendheman salaka.
 Pangané : galepung warangan diwurwuraké lengané sabarang kena
 Katrangan : ana **Balitung** kang becik, ana kang ala. Kang becik
 kasebut ing dhuwur, asalé saka watu.

18. **Mangangkang baworan 1) Walulin.**
 Rupané : biru kelawu.
 Ototé : kaya wesi Maléla.
 Uniné : dheng ngung, mbrengengeng.
 Wataké : becik; dhapur bener, karepé dadi prajurit; yèn dha-
 pur eluk, karepé dedagang bisa untung.
 Katrangan : Mangangkang kang wadon, karepé dhapur eluk.
19. **Mangangkang baworan Ambal.**
 Rupané : wungu semu abang, cayané kkaya kaca.
 Ototé : kaya bludru.
 Uniné : grung, gumeter.
 Wataké : karepé kudu maréntah wong akèh ing nagara, karepé
 dadi lurahé wong gedhé, dèn kasihi ing Ratu utawa
 wong gedhé.
 Katrangan : yèn dadi keris utawa tumbak, karepé dhapur bener.
20. **Tumbuk baworan Teraté.**
 Rupané : putih semu biru ting tarenyp.
 Ototé : kasap.
 Uniné : nong ging brung.
 Wataké : sugihan, ditresnani wong wadon, becik karepé dhapur
 eluk.
21. **Tumpang baworan Werangi.**
 Rupané : aya nila semu meles.
 Ototé :
 Uniné : jung nging, landhung swarané.
 Wataké : becik panyèn jodhoné dadia keris tumbak karepé dha-
 pur bener, slamet kang nganggo, ora kena kasilih-
 aké, yèn kasilihaké mesthi ilang, kang dikarepaké
 amung dadia embananné wong gedhé lan olèh keka-
 ruhanné.
22. **Pulosari baworan Winduadi.**
 Rupané : ijo semu biru, ules kaya bludru, medèni.
 Ototé :
 Uniné : gung drung.
 Wataké : yèn dadi gaman luk utawa bener padha baé, wesi loro
 padha golèk kaluhurané kang nganggo (padha dadi
 ratuning wesi), wong cilik ora duwé, kajaba Ratu
 kang dadi Sénapatining perang.
23. **Karangkijang baworan Pulosari.**
 Rupané : kaya watu Atjih, semu meles merak ati.
 Ototé :
 Uniné : gur.
 Wataké : karepé dhapur eluk, akèh kauntungané, kang nganggo
 akèh ngèlmuné, sabar lakuné, ora kena didelok wong
 akèh, karem marang kabisan.
24. **Karangkijang baworan Mangangang kang Lanang.**
 Rupané : ireng semu ijo anglugud.
 Ototé :
 Uniné : drung dhung, landhung swarané.
 Wataké : arang kanggo wong cilik, sebab ora kuwat dadi kaka-
 repané, déné karepé arep manggon wong dosa baé,
 anggoning sénapatining perang, mesthi luwih
 kakendelané, yèn dadi gaman karepé dhapur eluk, yèn
 bener mesthi kelem ing segara, wis mangkono jany-
 jiné, sebab mulih marang asalé manèh.

1) bawur = campur dadi siji.

25. **Karangkijang baworan Mangangkang kang Wadon.**
 Rupané : ijo tuntung biru.
 Ototé : pating pretik.
 Uniné : dheng mung, mbrengengeng.
 Wataké : yèn dadi gaman senengé dhapur eluk, anggon-anggonné sénopati gedhé utawa wong sugih, akèh kabecikané kang nganggo, dadia keris utawa tumba yèn dhapur bener mesthi ora jenaan, kudu ngalih baé.
26. **Karangkijang baworan Walulin.**
 Rupané : ijo mrusuh.
 Ototé : kaya wesi Maléla.
 Uniné : gung ngung, anggereng.
 Wataké : karepé dhapur bener, becik, panganggoning Patih nagara, tetep pangandikané, yèn dhapur eluk dadi wong gedhé baé, utawa ciliké, ora bisa cidra.
27. **Karangkijang baworan Katub.**
 Rupané : wungu semu ijo.
 Ototé : kaya rambut.
 Uniné : kung ngung, mbrengengeng.
 Wataké : panganggoné prajurit ing laut, akèh kauntungané, kudu njaluk dhapur eluk, yèn dhapur bener beciké tetanèn, lulus kang sarwa tinandur.
28. **Karangkijang baworan Kemboja.**
 Rupané : biru mrusuh pating terenyep.
 Ototé : kaya gadhung.
 Uniné : thing ngeng.
 Wataké : panganggoné Raja Pandhita, becik tur slamet ora kena dijahili utawa dialani, jalukané dhapur eluk, yèn bener yèn ginawé lelungan mesthi ilang lan anggawa liyané utawa dinyana sing kanggonan.
29. **Karangkijang kaworan Ambal.**
 Rupané : biru resik.
 Ototé :
 Uniné : trung ngung, gumeter.
 Wataké : panganggoné wong gedhé, mesthi diwedèni préntahé, lan diturut wong, katekan sakarepé, sénapatining perang, tur laksana, digawé dagang akèh kauntungané, yèn ana wong arep ngalani ora katekan, yèn dhapur bener iku becik, yèn eluk kang nganggo akèh békané.
30. **Karangkijang kaworan Tumbuk.**
 Rupané : biru semu kuning, yèn didelok kasap, yèn digepok alus.
 Ototé :
 Uniné : ngung, muluk swarané.
 Wataké : panganggoné wong sugih, mesthi ora kekurangan donya jin sétan padha ngreksa donyané, karepé dhapur bener, yèn digawa menyang alas sakèhing lelembut padha ngreksa.
31. **Karangkijang kaworan Werani.**
 Rupané : ijo meles.
 Ototé :
 Uniné : ning ngung, dawa swarané.
 Wataké : panganggoné senapatining perang, angluwihi sepadhané, ananging ora kena dianggo wong cilik, kang dadi karepé dhapur bener.

32. Pulosari kaworan salah sawiji: 1. Mangangkang wadon, 2. Walulin, 3. Katurupané : wungu semu biru, suwé-suwé sepi.
 Ototé : kaya kaca.
 Uniné : gur dhung.
 Wataké : becik.
 Katrangan : wesi 6 iki yèn awor karo wesi liyané, sapa kang nganggo, laranen.
33. Pulosari kaworan Werani.
 Rupané : wungu semu biru, meles kaya bludru.
 Ototé :
 Uniné : gur ngeng ngeng, landhung swarané.
 Wataké : Karepé dianggo wong gedhé, yèn dianggo wong cilik mesthi nemu bilahi.
34. Teraté kaworan wesi liyané.
 Dadi becik, sabab iku wor-worané wesi akèh.
35. Mangangkang kang Lanang kaworan Walulin.
 Rupané : ireng mrusuh semu biru, anglugud pating terecep.
 Ototé :
 Uniné : drung ngung, mbrengengeng.
 Wataké : karepé dhapur bener, sapa kang nganggo mesthi dadi priyayi.
36. Mangangkang kang kaworan Tumpang.
 Rupané : biru semu wungu, gilap kaya kaca.
 Ototé : alus.
 Uniné : prung djung, landung swarané.
 Wataké : yèn dhapur bener sapa sing nganggo sabarang karepé katekan lan tinuwa-tuwa ing ngakèh, kinasihan ing Ratu, yèn digawé dagang olèh kauntungan; yèn dhapur eluk, kerep kélangan.

NO. 2. TANGGUHING DHUWUNG.

1. Pajajaran.
 a. Ganja : ambathok mengkurep, sirah cecak landhung.
 b. Gandhik : miring, landhung.
 c. Pawakan : birawa 1), dedeg sambada.
 d. Sogokkan : sedheng, timbang kaliyan pawakannipun.
 e. Tosan : kirang mateng utawi welu 2) sawatawis, sebab toya asin.
 f. Manawi luk : luthon-luthon 3) kotor.
 g. Pamor : anggajih.
2. Majapahit.
 a. Ganja : sebit lontar, sirah cecak cekak.
 b. Gandhik : cekak, miring.
 c. Pawakan : titih 4).
 d. Sogokkan : cekak, luwes.
 e. Tosan : madhet, grayangan lumer 5).
 f. Manawi luk : lukipun kemba 6).
 g. Pamor : mubyar angrambut.

- 1) bérawa = nggegirisi, medèni, gagah prakosa.
 2) welu = surem (tumrap warna, cahya, lsp), lungkrah, aras-arasen.
 3) luthu = reged banget.
 4) titih = atos, padhet panggemblèngé (tumrap keris), tumpang tindhih.
 5) lumer = lembut lan alus.
 6) kemba = ora mèmèng, cemplang, ora mantep.

3. Tuban.

- a. Ganja : tengah ambathok mengkureb, sirah cecak ageng kapa ra pupak 1).
- b. Gandhik : cekak, metek 2).
- c. Pawakan : wiyar, tipis.
- d. Sogokkan : radi landhung.
- e. Tosan : kathah wajanipun.
- f. Manawi luk : lukipun kemba.
- g. Pamor : kirang mubyar.

4. Blambangan.

- a. Ganja : sebit lontar, sirah cecak cekak.
- b. Gandhik : cekak, miring.
- c. Pawakan : titih.
- d. Sogokkan : cekak, luwes.
- e. Tosan : madhet, grayangan keras sebab toya asin.
- f. Manawi luk : lukipun kemba.
- g. Pamor : mubyar angrambut.

5. Sidayu.

- a. Ganja : sebit lontar, kapara landhung.
- b. Gandhik : cekak, miring.
- c. Pawakan : sedheng, kapara cerek 3).
- d. Sogokkan : cekak, miring.
- e. Tosan : waja sedheng, grayangan lumer.
- f. Manawi luk : lukipun keker 4) turut 5).
- g. Pamor : mubyar petek angrambut.

6. Madura.

- a. Pawakan : kapara corok 6).
- b. Tosan : waja sedheng, grayangan keras.
- c. Pamor : mubyar, anggajih, sap-sapan.

7. Demak.

Kados dadamelan ing Tuban tuwin Majapahit.

8. Pajang.

- a. Ganja : séngoh 7), sebit lontar, sirah cecak ageng, aben-manis 8).
- b. Gandhik : ageng, miring.
- c. Pawakan :
- d. Sogokkan : ageng, luwes.
- e. Tosan : waja sedheng, kirang mateng, grayangan sedheng.
- f. Manawi luk : lukipun keker birawa.
- g. Pamor : pethak mubyar.

9. Mataram.

- a. Ganja : sebit lontar, kapara landhung.
- b. Gandhik : panayang 9) miring.
- c. Pawakan : titih, corok.
- d. Sogokkan : panyjang, luwes.
- e. Tosan : kirang waja, grayangan lumer.
- f. Manawi luk : lukipun sedheng.
- g. Pamor : mubyar balaka 10).

- 1) pupak = ompong (kaya gusi kang copot untuné).
- 2) metek = ngenetaké seru, mijet, menet.
- 3) cerek = gagrag cendhak, cendhak banget.
- 4) keker = kerep sarta kenceng (tumrap tali utawa nam-naman).
- 5) turut = sarwa urut manut pathokan, runtut ora ana kang gèsèh.
- 6) corok = cendhak, sogok.
- 7) séngoh = katon bléngah-bléngah nyenengaké (tumrap wong wadon).
- 8) adu-manis = gathuk trep banget, cocog banget.
- 9) najang = sajak kaya congkog, katon rada.
- 10) walaka = barès, wantah, blaka-suta.

Kajawi punika, wonten warni-warni: 1. sabet 1), 2. duwung sasrah 2) emas, 3. nagasasra, 4. naga siluman, 5. nagakikik, 6. nagawelang, utawi malih sasrahan emas wujud: gajah, singa, lunging kamarogan 3), namaning sekar anggrèk. Ingkang wujud waos kesrasah: talèn jatra, sada saeler.

10. Kartasura.

- a. Ganja : sebit lontar cèpèr 4), sirah cecak lancip.
- b. Gandhik :
- c. Pawakan : kandel, wiyar, semu kaku.
- d. Sogokkan :
- e. Tosan : kropok 5) semu pethak.
- f. Manawi luk : lukipun keker.
- g. Pamor : kemambang, mubyar semu pethak.
- h. Laganipun : 6) Mataram. Upami tiyang, pambekipun nyatria nanging tandukipun semu kasar.

11. Surakarta.

- a. Pakubuwana III.
cangkokkan Mataram, panggebag tosan madhet, kaot sepuh kaliyan naneman 7).
- b. Pakubuwana IV.
cangkokkan Majapahit, pawakan kandel, kaot sepuh lan naneman.
- c. Mangkubumèn.
cangkokkan Majapahit, pawakan tipis-tipis, kaot sepuh kaliyan naneman, empu nunggil kaliyan Pakubuwana IV.
- d. Pakubuwana V.
cangkokkan Majapahit, tipis-tipis, sok-sokan kaot sepuh kaliyan naneman.
- e. Pakubuwana VI.
kados yasan Pakubuwana V.
- f. Pakubuwana VII.
cangkokkan Mataram, amung alit-alit, sok-sokan kaot sepuh kaliyan naneman, empunipun nunggil kaliyan Pakubuwana VI.
- g. Pakubuwana VIII.
kados yasan Pakubuwana VII, empu ninggil.
- h. Pakubuwana IX.
cangkokkan Mataram, langkung bagus-bagus, kaot sepuh kaliyan naneman.
- i. Pakubuwana X.
cangkokkan Majapahit, pamor kathah mubyar pethak wedalan Prambanan, saha kaot sepuh kaliyan naneman.
Sadaya duwung tangguh Surakarta, manawi luk, keker.

- 1) sabet = pedhang.
- 2) kasrasah = dilapis, ditrapi srasah (=apa-apa kang kanggo nglapis/ngrangkepi).
- 3) wregu = aran tetuwuhan mrambat bangsaning penjalin.
- 4) cèpèr = ora jegong ora kuwung (tumrap piring, lsp).
- 5) kropok = ora kukuh, gapuk.
- 6) laga = solah-tingkah, tandang-tanduk, pepérangan.
- 7) tanem = tandur.

NO. 3. EDINING KERATON2 ING TANAH DJAWI

1. Pajajaran,	lami	121 taun,	wiwit	1163 - 1284	utawi	1232 - 1353.
2. Majapahit,	lami	156 taun,	wiwit	1284 - 1440	utawi	1353 - 1509.
3. Demak,	lami	63 taun,	wiwit	1440 - 1503	utawi	1509 - 1572.
4. Pajang,	lami	37 taun,	wiwit	1503 - 1540	utawi	1572 - 1609.
5. Mataram,	lami	63 taun,	wiwit	1540 - 1603	utawi	1609 - 1672.
6. Kartasura,	lami	67 taun,	wiwit	1603 - 1670	utawi	1672 - 1739.
7. Surakarta,	lami	67 taun,	wiwit	1670 - 1737	utawi	1739 - 1806.

PARA NATA INKGANG DADOS EMPU

I. Ing Pajajaran.

- 1.1. a. Nama : Prabu Kuda Laléyan.
b. Dhapur: dhapur kina, brojol, betok.
c. Empu : Windu Supa, taun 1170.
- 1.2. a. Nama : Prabu Banjaransari.
b. Dhapur: tilam upih, parungsari.
c. Empu : Anjaya Sangkala, taun 1186.
- 1.3. a. Nama : Prabu Mundhingsari.
b. Dhapur: wora-wari.
c. Empu : Kajatsari, taun 1228.
- 1.4. a. Nama : Prabu Gandakusuma.
b. Dhapur: jalak ngoré, carita kalintang.
c. Empu : Anjani, taun 1260.
- 1.5. a. Nama : Prabu Siyungwanara.
b. Dhapur: jangkung, pandhawa cinarita.
c. Empu : Marcuwéndha tuwin Kuwung, taun 1284.

II. Ing Majapahit.

- 2.1. a. Nama : Prabu Brawijaya.
b. Dhapur: jalak sangu tumpeng, jalak sumelang gandrang, mangkurat, mangkunagara.
c. Empu : Kangga, taun 1303.
- 2.2. a. Nama : Prabu Brawijaya V.
b. Dhapur: panimbal, jaruman, sepokal, nagasasra, buta ijo, mendarang, sabuk inten, anoman.
c. Empu : Dhomas, taun 1381.

III. Ing Demak.

- 3.1. a. Nama : Sunan Bonang.
b. Dhapur: sengkelat.
c. Empu : Sura, taun 1429.
- 3.2. a. Nama : Sunan Kalijaga.
b. Dhapur: kidang soka.
c. Empu : Jakasupa, taun 1484.

IV. Ing Pajang.

- 4.1. a. Nama : Sultan Hadiwijaya.
b. Dhapur: nyonto dhapur-dhapur kina.
c. Empu : Umiyang, taun 1525.

V. Ing Mataram.

- 5.1. a. Nama : Sultan Agung ing Mataram.
b. Dhapur: nyonto dhapur-dhapur kina.
c. Empu : Supa Nomnoman, taun 1567.

VI. Ing Kartasura.

- 6.1. a. Nama : Sunan Hamangkurat.
b. Dhapur: nurun dhapur-dhapur kina.
c. Empu : Setramaya, Sendhangwarhi, Taruwangsa, taun 1610.
- 6.2. a. Nama : Sunan Pakubuwana I.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Lujuguna, taun 1611.
- 6.3. a. Nama : Sinuwun Prabu.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna I, taun 1648.
- 6.4. a. Nama : Sunan Pakubuwana II.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna II, taun 1655.

VII. Ing Surakarta.

- 7.1. a. Nama : Sunan Pakubuwana III.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna II, taun 1655.
- 7.2. a. Nama : Sunan Pakubuwana IV.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna III, Carangmuslap, Semaran, Sanaboma, Jakariya, Tirtawangsa, Wiryawijaya., taun 1721.
- 7.3. a. Nama : Sunan Pakubuwana V.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna IV, Wiryawijaya, taun 1736.
- 7.4. a. Nama : Sunan Pakubuwana VI.
b. Dhapur: nurun.
c. Empu : Brajaguna III, Singawijaya, ing taun 1752.
- 7.5. a. Nama : Sunan Pakubuwana VII.
b. Dhapur: nurun, nagasapta.
c. Empu : Singawijaya, Tirtadongsa, Sawijaya, Japan, Supa, Brajaharja, Rijeng, taun 1761.
- 7.6. a. Nama : Sunan Pakubuwana VIII.
b. Dhapur: pengasih.
c. Empu : Japan, Rijeng, taun 1789.
- 7.7. a. Nama : Sunan Pakubuwana IX.
b. Dhapur: panimbak luk-9.
c. Empu : Ninga, taun 1790.

VIII. Ing Surabaya.

Empu Jingga, kados damelan Blambangan.

IX. Ing Madura.

Empu Kasa utawi ugi nami Empu Keleng inggih Empu Wanataya.

X. Ing Demak.

Empu Sura, Empu Jakasupa (anakipun Pangéran Sedayu) lajeng dhateng Madura nama Empu Matjan.

XI. Ing Surabaya jaman Demak.

Empu Kedoh (Jakasupa/Matjan) lajeng pindhah ing Pajang.

XII. Ing Pajang.

Empu Tjublah, Empu Kedoh (damelanipun ageng-ageng semu wijar, tosan garing) ugi nama Empu Galing lajeng gantos nama Empu Umyang lajeng dhateng Madiun nama Empu Tundhung wekasan ing Kudus.

XIII. Ing Madiun, Pajang.
Empu Tundhung.

XIV. Ing Kudus.
Empu Tundhung.

XV. Ing Mataram.

1. Empu Tepes (saking Semarang turun Tuban), duwungipun gedhug ampuh, boten purun damel warni; 2. Empu Maji (duwung gedhug, saé); 3. Empu Regiprawira (sabrang, karya jadhug 1), kanggé leleresan ampuh, saé); 4. Empu Cublak; 5. Empu Luwing; 6. Empu Guling (ampuh sanget, kanggé dagang saé); 7. Empu Kalianjir (ampuh); 8. Empu Tundhung (putranipun Pangéran Sedayu = Jakasupa = Macan/Demak = Kedoh/Surabaya-Demak = Kedoh/Pajang = Galing/Pajang = Umiyang/Madiun-Pajang = Tundhung/Kudus-Pajang) lajeng jumeneng Pangéran Sendhang alias Kitaram (duwung ampuh); 9. Empu Konang [ampuh sanget sarta yuwana 2)]; 10. Empu Sura; 11. Empu Setratoya, putranipun Pangéran Sendhang, ilatipun kadhang kanggé nyepuh dedamel, dedamelipun: sabukinten, kalamisani, carita pasopati; 12. Empu Setrakithing, putra Pangéran Sendhang ingkang nomer kalih, ugi nama Setrakompon; 13. Empu Setranaya I; 14. Empu Lujuguna; 15. Empu Setranaya II; 16. Empu Lujuguna II, damelanipun kathah ingkang bangsa saru.

XVI. Ing Kartasura.

1. Empu Setranaya III; 2. Empu Sendhangwarhi; 3. Empu Taruwongsa; 4. Empu Lujuguna III; 5. Empu Japan; 6. Empu Braja, yèn nyepuhi dipun dilati, utawi nama Brajaguna I; 7. Empu Lujuguna IV, duwungipun kereng 3), pamoripun kayasa; 8. Empu Sendhang Koripan; 9. Empu Brajaguna II.

XVII. Ing Surakarta.

1. Empu Brajaguna II; 2. Empu Brajasentika; 3. Empu Semarangati; 4. Empu Supajaya; 5. Empu Brajaguna III; 6. Empu Carangmustapa; 7. Empu Semarang; 8. Empu Sénakemah; 9. Empu Jokariya; 10. Empu Tirtadongsa; 11. Empu Wiryunjaya; 12. Empu Wiryajaya; 13. Empu Japan; 14. Empu Supa; 15. Empu Brajakarya; 16. Empu Rejong.

NO. 4. NAMINING EMPU-EMPU

1. Ing Pejajaran:

1. Windusarpa; 2. Anjaya Sangkala; 3. Kajatsari; 4. Kajatiwi-séna; 5. Bramakedi; 6. Anjani; 7. Mercukundha; 8. Sanggabumi; 9. Manca; 10. Kuwung; 11. Hangga; 12. Keleng; 13. Sombro.

2. Ing Majapahit:

1. Singkir [suwau 4) nama Hangga]; 2. Wanabaya (suwau Keleng); 3. Jigaya (pesi ngadhal meteng); 4. Dhomas (dhapur: panimbali, jaruman, sepokal, nagasasra, butaijo, mendharang, sabukinten, anoman); 5. Sedhah; 6. Supa Madrangi; 7. Supagati; 8. Jakawera, anakipun Supamadraya.

1) jadhug = gedhé tur rosa.

2) yuwana = slamet, rahayu, tulus.

3) kereng = wewatakan kang keras lan kenceng, cepak nepsuné.

4) suwau = mauné, biyèné.

3. Ing Tuban:

1. Nimas Sembaga (èstri); 2. Ki Bekel Jatiutari, Jaka Jati; 3. Ki Uniti; 4. Jaka Suratman; 5. Ki Saletan; gangsal sadaya putranipun Empu Kuwung.

4. Ing Blambangan:

1. Surawiséna; 2. Mlayagati; 3. Cakrabawa; 4. Kumendhung; 5. Cangkring; 6. Tilam; 7. Kalunglungan; 8. Luwuk, ing Rembang; 9. Supamadrangi, ing Pitrang, damel dhapur: kidang soka, carang soka, pandhawa, sepaner, tilam upih, pasopati [panwutah]; 10. Supagati.

5. Ing Sedayu:

1. Pangéran Sedayu (Supamadrangi); 2. Supadi (Supagar).

6. Ing Kudus:

1. Lamangjaka (kados damelan Blambangan).

NO. 5. PÉTANG-PÉTANG UKURAN DUWUNG

1. a. Duwung dipun ukur saking pucuking ganja dumugi pucuking duwung.
b. Panjangipun ingkang kasebat ing a. katekuk kapara tiga, ingkang sa-duman dipun bucal.
c. Ingkang kalih-duman dipun ukuraken malih saking pucuk dumugi tengah.
d. Lajeng katepusaken sawiyaring duwung, saking ngiringan, kapanggih pinten tepus, lajeng kabucal 8, sapinten kantunipun
e. Dhawah 1 = Naga Retna, sampurna, langkung saé, kagem para ageng, manawi pernag wilujeng.
2 = Wara Candra Retna, saé, kathah begjanipun, kanggé dagang utawi tetanèn kathah untungipun.
3 = Jati Kumba Mahalana, saé, angsal minggah pangkat, kapracaya ing Gusti, manawi manggih pakèwed wilujeng.
4 = Ranggan Janur, awon, kanggé ngawula manggih sesi ku, dipun gething déning lelurah, yèn dipun simpen bentèr, sebab malati.
5 = Arjuna Sura Pati, saé, kinajrihan ing sesami, angsal kkaluhuran, sarwi rijekèn.
6 = Bimèn Sawer, awon sanget, cengkiling, tur boten mitayani, kerep manggih pakèwed, boros.
7 = Bestira Madiyem = Rawé Pinandhita, saé sanget, kathah begjanipun, énggal angsal sihing Gusti, tur kinasihan ing sesami.
8 = Sadéwa Tinandhon, awon, mlarat, kerep sakit saomah sarayatipun, kerep kénging prakawis, kanggé dagang tuna, manawi kasimpen kerep tujahan 3), boten pantes dipun anggè ing manungsa.

1) sacengkang = sadawaning panuding karo jempol kang kabenggang.

2) sanyari = ukuran saambaning driji.

3) tujuh = panarka, pandakwa.

2. a. Duwung dipun ukur saking ganja dhumateng pucuk(kajawi pesi) ingkang kenyceng (horizontale lijn = does de kris moet horizontaal zzijn, en dus de projectie daarvan).
 b. Lajeng katekuk tengah-tengahing duwung.
 c. Yèn dhawah 1 = Sari Retna Kumala, nyugihaken rajabrana.
 2 = Jati Takir, nyugihaken pétang.
 3 = Bima Rajeg Wesi, bakuh.
 4 = Kuda Micara, remen prakawisan.
 5 = Satriya Ladang, remen dolan.
 6 = Rejuna Rangsang Pati, brangasan.
 7 = Sri Nata Jurité, remen paben.
 8 = Makan Tuwan, asring tumama dhateng salira pi yambak.

3. a. Ganjaning duwung dipun ukur.
 b. Lajeng kaukurna sapanjanging duwung wau, kajawining pesi, saking bongkot dhateng pucuk.
 c. Dhawah: 1. Cakra, awon.
 2. Kundhalan, awon.
 3. Gunung, saé.
 4. Guntur, awon.
 5. Sagara, saé.
 6. Madu, saé.
 Ingkang langkung saé piyambak, bilih wonten duwung, kapétang saking bongkot dumugi pucuk wau, dhawah sagara, lajeng nekuk saking pucuk dhateng ing bongkot malih, panekukipun lajeng dumugining bongkot malih dhawah gunung. Punika duwung pantes pinilih kadamel wasiyat.

4. a. Wiwit ganja dumugining pucuk, kapétang jempolanipun ingkang badhé nganggé kajèjèr, kapanggih punapa.
 Manawi dhawah: 1. Umbuh, kathah ingkang asih.
 2. Amba Karna, ingkang gadhah asring murka.
 3. Samber Nyawa, kerep prihatin, asring kasripahan.
 4. Sri Lunga, nebihaken rejeki.
 Utawi: 1. Gesang, saé.
 2. Braman, awon.
 3. Kalan, awon.
 4. Pitenah, awon.

No. 6. BAB KAWRUH WESI MANÉH

1. Yèn ana wong duwé Karangkijang durung kaworan, mesthi duwé:
 - a. Werani kang wis dadi gaman.
 - b. Yèn wesi Karangkijang rupa keris, wesi Werani rupa tumbak kang bener. Karangkijang lan Werani arupa keris.
 - c. Yèn Werani rupa pedhang, mesthi sugih Karangkijang kang wis dadi gegaman.

2. Yèn Pulosari durung kaworan wujud keris, mesthi duwé:
 - a. Duwé kalungguhan.
 - b. Keris wesi Mangangkang Wadon.
 - c. Keris wesi Katub kang eluk.
 - d. Tumbak dhapur eluk Kamboja.
 - e. Keris dhapur bener wesi Ambal (ngreksa kabèh).

3. Yèn Mangangkang Lanang keris utawa tumbak (bener) ora kaworan wesi li yané, mesthi duwé:
- a. Wesi Kenur, padha dhapuré, yaiku eluk.
 - b. Wesi Maléla, padha dhapuré, yaiku eluk.
 - c. Wesi Tumpang rupa keris utawa tumbak, dhapur bener.
- Sapa kang nganggo mesthi gedhé atiné, karepé dadi Sénopatining prajurit sarta diwedèni sanak saduluré.
4. Yèn Mangangkang Lanang lan Winduadi (eluk),
- a. Duwé Katub.
 - b. Wesi Balitung.
- Kawruhana, aja nganti lali kang dadi jodhoné wesi siji-sijiné. Iku olèh wilalaté, ana kang ora dadi, boros artané, padon, ngilangaké donyané, ngisinaké marang kang nganggo. Yèn bener kang dadi jodhoné, dadi beciké.
5. Yèn Tumbuk ora kaworan (eluk), mesthi duwé:
- a. Taraté.
 - b. Walulin.
- Gedhong duwit, becik.

WOULLOHU' ALAM



Kasalin déning: Koko Widayatmoko.
Katiti ing Jakarta, 24 Pebruari 1996.

BAB PANGGAWÉNÉ: UKIRAN, MENDHAK LAN PENDHOK

VOLKS ALMANAK DJAWI, 1922, Kaca: 181 - 202.

Ing Tanah Djawi mriki, ukiran punika limrahipun ingkang kadamel: kajeng, gadhing, saha singat 1). Ingkang andamel: Jraga 2) (pangukir). Nanging ing Pulo Bali, Sélébes, sapanunggillannipun, inggih wonten ukiran ingkang badhénnipun: logam, balung, penyu, bukur 3) utawi kima 4). Miturut pamanggihhipun para sarjana, ukiran punika panycèn satunggilling kagunan ing bab ukir-ukirran ingkang luhur. Miturut pamanggihhing ngakathah, menggah babonning wangunnipun ukiran ing jaman kina, punika wujud pepethanning manungsa. Saking gagassannipun para sarjana, ing sakawit kanggé mumulé 5) dhateng para sepuh ingkang sampun tilar donya, utawi para déwa (gambar: 2,3). Gagassan ingkang makaten punika kakiyat-taken déning tondha ukirannipun satunggilling dhuwung ingkang sepuh piyambak, kawastannan Dhuwung Madjapait, samangké rinimat-tan wonten ing Musiyum ing Amsterdam, ingkang nama: Etnologisch Muzeum. Ukirannipun Dhuwung Madjapahit wau wangun tiyang andhod-hok, ingkang kadamel tossan sarta irassan. Tiyang wau anycik-anycik ing bungkul, ingkang karengga ing tumpal. Déné pandamellipun ukiran punika katingal taksih wadhag 6).

Lami-lami, ing Tanah Djawi lan ing sanès-sanèssipun tanah, titiyangngipun sami tuwuh gagassannipun, sumedya nyimpang saking babonning wangun ing nginggil wau, murih sageddipun anyaèkaken kagunan punika. Sarèhné tossan punika atos, angèl garap-garappannipun kawangun ingkang pèni-pèni, dados lajeng amilih barang sanèssipun ingkang sawatawis empuk lan gampil wawangunannipun kanggé ukiran, lan boten irassan, Ingkang kapilih kanggé badhukiran punika: kajeng, singat, gadhing (balung), jené, saha sanès-sanèssipun. Ing Pulo Bali lan Lombok, ingkang titiyangngipun boten nganggé Agami Islam, wangunning ukiran kapetha: wangunning para déwa, reksasa, peksi Garudha, sapanunggillannipun. Ugi wonten ingkang awujud endhas singa, kapal, segawon, peksi, kuwangwung, saha sanès-sanèssipun (gambar 1 dumugi 12). Ananging ing Tanah Djawi sarta ing tanah-tanah ingkang titiyangngipun nganggé Agami Islam, sapunika wujudding ukirannipun boten kapetha déwa, manungsa utawi sato. Ingkang makaten wau, ambokmanawi katarik saking agaminnipun, ingkang boten ngéngingngaken tiyang arimat gambar utawi recaning samukawis ingkang anyawa (gambar 1 - 22 lan 25).

Wanguning ukiran ing sapunika, inggih punika ingkang kaprah kanggé ing Tanah Karaton Djawi, mèmper garanning pistol (gambar 13, 14). Éwa samanten, manawi katingallan ingkang pramana, ukirran wau ugi taksih ngemu wangun babon Madjapahittan. Santunning wangun saking pepethan tiyang dhateng garan pistol, saged kacetha ing ukiran Madura (gambar 8). Ing ngriku katingal

1) singat = sungu.

2) jraga = tukang ukir.

3) bukur = kerang.

4) kima = bangsa keong kang gedé ing segara.

5) mumulé = ngormati para leluhur kang wis ngajal.

6) wadhag = kasar, ora alus, raga awak.

bilih wangun garanning pistol wau taksih ngemu wangunning tiyang andhodhok.

Menggah wangunnipun ukiran ing sa-Indiya punnika, angèl sanget sawatawis kénging kadamel angyektossi, kadosta:

- a. wangunning ukirran saking Karaton Djawi: wujuddipun mèmper por pistol (gambar: 13,14).
- b. wangunning ukirran Bali punika limrahipun kapetha Déwa, rekسا sa utawi lempitan harmonikah (gambar 1, 15, 21).
- c. ukirran saking Madura adattipun wangun garan pistol ugi, sarta ingkang kathah kaukir adi (gambar 16).
- d. ukirran saking Sélébes sisih Kidul wangunnipun ambengkuk (gambar 16).
- e. ukirran saking Sulu, adhapur endhas peksi (gambar 9).
- f. ukirran saking Pulo-pulo Pilipinah saèmper ukirran Djawi.
- g. déné ukirran saking Sumatra (Malayu) wonten ingkang mèmper ukirran Djawi (gambar 25), wonten ingkang dhapur ukirran Sélébes (gambar 22).

Menggah wangunning ukirran saking Karaton Djawi punika taksih kabédak-bédakkaken kados ing ngandhap punika:

1. Pakubuwanan [kaémbakkaken 1) Sarira Dalem Kangjeng Susuhunnan Pakubuwana Kaping IX lan X].
2. Mangkurattan [kaémbakaken Sarira Dalem Kangjeng Susuhunan Amangkurat].
3. Taman [kaémbakkaken Sarira Dalem Kangjeng Sultan Hamengku Buwana I, sasampunnipun yasa pasiraman Taman Sari].

Pérangnganning ukirran Djawi ing samangké kados ing ngandhap punika: patra 2), jiling 3), bathuk, gigir, weteng, cethik, bungkul 4), saha kunyung.

Ukirran Djawi punika, kados ingkang sampun katerangaken ing nginggil, ing jaman sapunika limrahipun ingkang kadamel kajeng, kadosta: kemuning, tayuman, kadhang kawis ugi: timanga. Déné pami lihipun manut senengnging manah, mawi soca (warni cemeng) utawi kajeng gembol, kajeng jengker, saha wonten ingkang remen dhateng kajeng burus (tanpa soca). Kajeng ingkang makaten wau lajeng kakethok-kethok alit, cekap saukirran, nunten dipun cengkorongngi, lajeng kawangun malih ingkang prayogi sarana pangot, kadamel bungkullipun, cethikkipun, saha pérangngan sanès-sanèssipun. Ing sangandhapping bungkul kajarra 5), calon kaanyjingngan pesining dhuwung. Menggah pamangunning cengkorongngan wau mawi mal, sarta lajeng kadamel dering 6) saha patrannipun. Menggah ingkang kawastannan dering, punika lingir-lingirripun. Déné patra punika ukirran ing sangandhapping janggut lan ing weteng. Patra punika wonten tigang warni, kadosta: lomba, cawèn, saha krawangngan. Manawi sadaya pérangngannipun ukirran wau sampun rampung sarta saé (alus) pandamellipun, nunten ukiran wau kaetim ing salebetting manyci alit isi lisah kalentik, kagodhog ing manyci ageng isi wédang, ngantos sadasa dinten. Déné panggodhoggipun saben din

- 1) émba = kaya, mindha-mindha, dièmper, ditiru.
- 2) patra = godhong-godhongan, layang.
- 3) jiling/jaling = balung saburining pilingngan.
- 4) bungkul = penthol (kanggoning: teken, garan payung, lsp).
- 5) dijara = diebur, dibolongi.
- 6) dering = pinggiraning barang2 sing njebèbèh tipis.

ten dipun amballi. Awit ingkang makaten wau, ukirran punika lajeng warni abrit sepuh saha atos. Kanggé nyepuhhaken warninipun ukirran wau, ugi asring kapacar 1). Déné manawi sampun makaten lajeng kaalussaken nganggé angkup kaluwih utawi kacu. Bilih badhé karengga mawi mendhak utawi selut, bungkullipun kakeret sakedhik, Kados boten perlu katerangngaken bilih kajeng ingkang badhé kadamel ukirran punika kedah kapilihaken kajeng ingkang sampun sepuh. Kajawi atos, ugi sampun ngantos mangkeret.

BAB MENDHAK

Mendhak punika rerengganning dhuwung ingkang kapasang ing sangandhapping ukirran. Ingkang kadamel: jené, salaka, utawi kuningnan. Déné ingkang andamel: kemassan. Déné mendhak punika kathah pérangngannipun, tur piyambak-piyambak pandamellipun, kadosta: untkad-ungtkaddan, menirran, srumbung, klowongnan, untuwalang, widheng (cangkokkan), tlasar, dhamping, sorsorran, tumpang sari, sarta tamparran.

Mendhak punika wonten warni tiga:

1. Mendhak kendhit, inggih punika ingkang mawi sosotya ing tengah-hipun.
2. Mendhak uwer (robbyong) ingkang menirranipun dipun sukani mripat (sesotya), saha
3. Uwer lugas, tanpa rerenggan sosotya sarta kanggé padintenan.

Kanggé andamel mendhak satunggal ingkang saé, kedah wonten jené wawrat 28 saga 2). Jené wau lajeng kalebur, kaesok ing kowèn 3). Ing ngriku reregeddipun misah, namung kanton jenénipun ingkang murni. Punika lajeng kaesok ing cithakkan (singèn), kasratossaken ing saasreppipun. Blèbèkkan jené punika lajeng kagemblèng dados garènyjèng rahi kandel. Nunten amiwitti andamel pérangnganning mendhak wau:

- a. Pandamelling ungtkad-ungtkaddan punika sarana anggungting grènyjèng jené wau sakedhik, kawangun bunder, kasèlèh ing sanging-gilling pangundhan mawi kajabung 4). Nunten pinggirring grènyjèng jené wau katatah, kadamel caringih-caringih, kacècèg gaken kaliyan kathahhing widheng 5), limrahipun 10 utawi 12. Ing tengahhing grènyjèng bunder wau nunten kabolong, agengnging bolongnan kasami kaliyan agengnging srumbung. Manawi sampun kaalussaken, pandamelling untkad-ungtkad wau sampun rampung.
- b. Pandamelling untu-walang utawi eri-pandhan punika sami kaliyan untkad-ungtkaddan, déné untu-walang wau kasèlèh ing saantawissing untkad-ungtkaddan, saha kathahhipun miwah wiyarripun kasamèkkaken kaliyan widheng saha untkad-ungtkaddan ugi. Sasampunnipun punnika nunten andamel:
- c. Klowongnan kalih idji, inggih punika gelangngan ingkang amengkonni menirran. Gelangngan wau ingkang kadamel kawat jené ing-

1) dipacar = diabang nganggo pacar.

2) saga = woh cilik2 atos warna abang kang sok kanggo ukuran timbangan emas.

3) kowèn = jembaran dianggo umbah-umbah.

4) jabung = blendok ireng (tlutuh sampang) kanggo nganyjingngaké ukirran, kanggo ngrakettaké.

5) widheng = lung-lungngan rerengganning wrangka.

kang kasangling 1).

- d. Manawi sampun, nunten andamel talasarripun mendhak, inggih punika condhongngan alit ingkang angiketti widheng saha dados sanèssipun.
- e. Nunten andamel cangkok, inggih punika wadhahhing sosotya. Klowongngan kalempakking cangkok wau kawastannan: widheng, ingkang dumunung ing tengahhing mendhak.
- f. Pandamelling menirran, sami kaliyan widheng. Menirran wau lajeng kapatri kaliyan klowongngan.
- g. Dhamping punika ingkang kadamel ugi bunderran grènyjèng jené, ingkang wiyarripun sami kaliyan bubengnging widheng. Ing tengah kabolong sami kaliyan wiyaring unklad-unkladdan. Dhamping punika pérangngan ingkang nyanggi, dumunung wonten sangandhapping widheng.
- h. Sor-sorran punika ingkang kadamel jené sakedhik, ingkang dipun bengkok, kadhapur susupé nanging sami kaliyan talasarripun, inggih punika: bolongngannipun wiyar ing nginggil kaliyan ing ngandhap, sarta wiyarripun sami kaliyan kalowongngannipun. Pérangngannipun ingkang nginggil kakikir rintik-rintik, déné ingkang ngandhap kapatri kaliyan dhasarripun menirran ingkang ngandhap. Sorsorran punnika kados wengkunnipun tumpang-sari, sarta dados panyangginging dhamping.
- i. Pandamellipun tumpang-sari punika kedah mendhet kawat jené ingkang lambat, kakethok dados tiga, lajeng kadamel bunder, wiyarripun sagedda anyakep dhateng sajawinning srumbung.
- j. Tamparran punika ingkang kadamel kawat jené lambat, kakethok dados kalih, lajeng kadamel bunderran. Bunderran ingkang satunggal dados wengkunning dhasarripun unklad-unklad, déné satunggallipun mengkonni dhasarring sor-sorran.
- k. Srumbung punika ingkang kadamel grènyjèng jené, kagunting wangun pasagi-panyjang, sarta wiyarripun grènyjèng wau kedah sami kaliyan inggillipun uwer, sarta panyjangngipun kaangkah supados manawi katekuk, wiyarring bolongngan wau sagedda sami kaliyan wiyarring bolongnganning mendhak ingkang ngandhap. Pambengkukkipun grènyjèng wau sarana cithakkan ingkang nama sunglon, lajeng kapatri sambungngannipun.
- l. Menggah riricikkan ing nginggil wau, dadossipun mendhak, ingkang anggarap inggih kemassan. Klowongnganning menirran ing nginggil kapatri angsal sanginggilling dhasarripun unklad-unkladdan. Tamparrannipun nunten kapatri ing sanginggilling dhasarripun unklad-unkladdan, cèples kaliyan pinggirripun. Nunten katumpangngan menirran ingkang nginggil. Tamparran ingkang satunggallipun kapatri kaliyan ngandhappipun sorsorran sakubengnging pinggirripun, katumpangngaken ing menirran ingkang ngandhap. Sanès-sanèssing riricikkan nunten karan ingkang ngandhap. Manawi sampun rampung, srumbungngipun nunten kapasang. Srumbung wau, ingkang nginggil kaangsallaken unklad-unkladdan, ingkang ngandhap kaangsallaken kalowongngan, saka kabekukkan pinggirrannipun sakedhik, katetepaken ing pérana kabekukkan pinggirrannipun sakedhik, katetepaken ing pérana kabekukkan pinggirrannipun sakedhik. Uwer wau nunten kase-ranganning mendhak kasebut ing nginggil. Ing samangké, uwer utapuh, kadamel abrit warnining jenénipun. Ing samangké, uwer utawau mendhak wau sampun rampung pandamelipun, kénging kaanggé.

1) disangling = digilappaké (tumrap emas).

BAB KANDELLAN

Kandellan punika ingkang kadamel logam, kadosta: jené, salaka, suwasa, kuningngan. Déné ingkang damel: kemassan. Manawi tiyang badhé damel kandellan, kedah anggadhahi badhénnipun rumiyin, Kandellan satunggal, cekap badhé wawrat sajampel 1) utawi langkung.

Kandellan punika wonten tigang warni:

1. Bunton, inggih punika ingkang boten kablèwèh tengahhipun.
2. Blèwèhan (bléwah), punika kandellan ingkang tengahipun kablèwèh.
3. Slorokkan, punika kandellan ingkang mawi slorokkan.

A. Manawi badhé yasa kandellan, prayoginnipun kedah sadhiya jené utawi salaka wawrat 3 jampel. Jené wau manawi sampun kapèpèh 2), lajeng kagemblèng ngantos tipis, kawangun trapésium ingkang sami sukunipun [sapanyjanging gandaripun 3) warongka]. Jené gemblèngngan wau lajeng kabekuk kawangun kandellan sarana sunglon, sambettannipun nunten kapatri, lajeng kadamellaken kathèk 4), inggih punika pucukkipun kandellan. Pandamellipun ugi mendhet garènyjèng, kawangun pucukking kandellan. Paman-gunnipun sarana katetepaken ing sakubengnging pucukkipun sunglon, kaangkah ageng saha wiyaripun sami kaliyan ngandhap-pipun kalonthongngan kandellan ingkang kasebut ing nginggil. Manawi sampun rampung, kathèk wau kasambet sarta kapatri kaliyan kalonthongngan kandellan punika.

Kandellan bunton punika wonten ingkang lus-lussan (tanpa sekarran), wonten ingkang mawi sekarran (tatahan). Déné tatahannipun wau wonten warni tiga:

1. wonten ingkang platarrannipun kagarit-garit, utawi kacecek-cecek, punika kawastanan: **cawèn**.
2. wonten ingkang tatahannipun ngantos lebet sanget (kajeglog gaken), punika kawastanan kandellan: **endhak-endhakkan** (sekarannipun kadamel kados sekarranning sunglonnipun, mendhak-mendhukul).
3. wonten ingkang dhasaripun katatah ngantos bolong plong; kandellan ingkang makaten punika winastan: **tranycangngan**.

Menggah sekarranning kandellan punika ugi wonten warni-warni, kadosta: semèn jalebut, semèn garudha, kuma irawan, tuwin sanès-sanèssipun. Pandamellipun sekarran wau sarana tatah pamilah utawi tatah panguku, sarta kedah ngatos-atos saha talatos.

B. Kandellan blèwèhhan (bléwah) punika pandamellipun sami kaliyan kandellan bunton, namung kaot sambettannipun kalonthongngan kandellan boten kapatri, malah lambé kakalihhipun kapisah ragi wiyar sakedhik, murih dadossipun balèwèhhan wau. Déné kandel-wiyar sakedhik, murih dadossipun balèwèhhan wau. Déné kandel-lan bléwah ugi asring karengga mawi slorok tatahhan, kapasang ing antawissipun gandar kiwa-tengen, katumpangngan ing lambé kandellan (punika ingkang kawastanan: **kandellan slorokkan**). Patrappipun nyarungngaken kandellan bléwah punika wonten warni kalih, inggih punika:

- 1) sajampel = setengah réyal.
- 2) dipèpèh = dithuthuki supaya dadi lèmpèngngan (tumrap emas).
- 3) gandar = kayu sarungé keris.
- 4) kathèk = tikilan (thukul cilik-cilik).

1. **antup-antuppan** (papan pérangnganning gandar ingkang badhé ka tumpangan kandellan, dipun krowakki mawi pangot ngantos waradin, sarta kaangkah lambéning kandellan wau sagedda waradin kaliyan lingirring gandar ingkang taksih kawetah-haken).
2. **akep-akeppan** (kados ingkang katerangngaken ing nginggil, ka ot boten dipun krowakki mawi pangot, namung cekap pérangan-nipun gandar ingkang boten ketutuppan ing kandellan, dipun radin nganggékiir alus).

Déné kandellan buntun punika anggènnipun nyalorokkaken namung lugu, kados manawi nyalobokkaken barang sanèssipun. Yèn cara Sala, kaangkah pipining warongka sagedda waradin kaliyan kandellannipun. Nanging ing Ngayogya boten makaten (dados kandellan taksih katingal mandhukul). Wangunning kandellan inggih boten sami. Kandellan cara Sala punika gèpèng, cara Ngayogya semu gilig.



Kasalin ukara déning: Koko Widayatmoko.
Katiti ing Surabaya, 17 Nopember 1995.






8




10



9



11




12



13



14





18




15



16



17




22




19



20














23



ပထမမြို့တော် (၁၈၆၁ ခု၊
၄ ဇူလိုင် ၅)။









lib.ugm.ac.id

N A M A K E R I S



lib.ugm.ac.id

N A M A K E R I S



1. ...
2. ...
3. ...
4. ...
5. ...
6. ...
7. ...
8. ...
9. ...
10. ...
11. ...
12. ...
13. ...
14. ...
15. ...
16. ...
17. ...
18. ...

PUNIKA UKUR DHUWUNG INKGANG AWON UTAWI INKGANG SAÉ

Kados ing ngandhap punnika:

1. gunung,
2. gugur,
3. segara,
4. asat.

Dénné pratikellipun, ngukurra panyjangnging dhuwung awit saking gonyja ingang celak pesi, dumugi pucuk, lajeng katekuk mara pat. Ingkang sa-prapat lajeng kaukurraken saking gonyja celak pesi mangandhap, ing pundi dhawahhipun, lajeng kaukur malang sawiyar-ripun dhuwung. Ingkang kaanggé ngukur: malang sawiyarring dhuwung wau sapalih, ingngukur panyjangnging dhuwung, satelassipun, dhawah punnapa.

Yèn dhawah: gunung, saé,
yèn dhawah: gugur, awon,
yèn dhawah: segara, saé,
yèn dhawah: asat. awon.

Dénné pangétangngipun kaping kalih: saking pucuk manginggil. Pratikel utawi pangétangngipun sami ugi, kados kasebut ing nginggil wau.

BAB PRATÉLANNIPUN DHAPUR DHUWUNG DADAMELLAN ING PULO JAWI

Ing ngandhap punnika bab pratélannipun dhapur dhuwung dadamellan ing Pulo Jawi, ingkang agem ing bongsa luhur utawi priyantun sannèssipun, tuwin para tiyang alit sadaya, nalika ing Jaman Kinna, annanging namung dhuwung ingkang dados paugerran kémawon. Menggah anggèn kula annyorahhaken wandanning dhuwung ing Jaman Kinna wau, supados andadossaken kasennengngannipun para ingkang kapareng anguninganni. Wondénné bilih wonten lepattipun, mugiya paring pangaksama.

Ingkang kacariyos, awit ing Taun Jawi Sangkala 152 dumugi ing Taun 725, kathahhing dhuwung 18 warni, inggih punnika yasannipun para Déwa angéjawantah, kadosta:

1. Dhapur Lar Ngatap.
2. Dhapur Pasopati.
3. Dhapur Cundrik.
4. Dhapur Jalak Dinding.
5. Dhapur Kala Misani.
6. Dhapur Balé Bang.
7. Dhapur Tilam Upih.
8. Dhapur Sepang.
9. Dhapur Sumpuna Bener.
10. Dhapur Sumpuna Luk.
11. Dhapur Bango Dholog.
12. Dhapur Santan.
13. Dhapur Karacan.
14. Dhapur Bakung.
15. Dhapur Yuyu Rumpung.
16. Dhapur Carubuk.
17. Dhapur Kebo Lajer.
18. Dhapur Singa.

Sareng ngleressi Taun 748, wonten perang ageng, inggih punnika dipun wastanni Prang Bratayuda. Para Ratu ing Pulo Jawi sadaya sami tumut perang saprajurittipun. Wonten ingkang biyantonni ing Ngastinna, wonten ingkang biyantonni ing Ngamarta. Tuwin para Ratu ing Sabrang kathah ingkang biyantonni Ngastinna. Prang Bratayuda punnika sakalangkung ageng, tetiyang-ngalit ingkang pejah tanpa wicallan. Utawi, para Ratu ingkang biyantonni ing Ngastinna kathah ingkang séda. Mila, dadamel wau kathah ingkasng ical tinnimbang kaliyan ingkang kantun.

Ing wekassan, Prang Bratayuda punnika ingkang unggul Pandhawa. Dénné para Ratu ingkang biyantonni Pandhawa, sadaya wilujeng, boten wonten ingkang katiwassan. Ratu para santana kathah ingkang séda ing ngayuda, wusana Nagari Ngastina wau tetep dados kagungngannipun Sang Nata Pandhawa ngantos turun-tumurun.

Para Ratu ingkang yasa dadamel ing sadèrèngngipun Prang Bratayuda, punnapa malih namanning Empu ingkang dados Abdi Dalem anggarap yasannipun Sang Ratu, kapratélakkaken ing serat punnika. Dénné para Empu sannèssipun boten kasebuttaken amargi kathah para Empu ing sajawinnipun Nagari, tuwin Kabupatèn. Kados upaminnipun kala Kraton ing Madjapahit, Kabupatèn Tuban, punnapa dénné Kabupatèn ing Sidayu tuwin Kabupatèn ing Madura miwah Dhusun ing Sendhang, punnika sami panggènnan Empu, sarta sami damel dhuwung, punnika sami boten kacariyossaken. Ingkang wajib kapratélakkakken namung yasa dalem ing Karaton, sabab para Empu sajawinnipun Nagari wau anggènnipun sami damel dhuwung, anulad dhapurring dhuwung ingkang yasan saking Karaton.

Sabibarripun Prang Bratayuda, antawis satus langkung kalih taun laminnipun, para Ratu ing Pulo Jawi yasa dadamel malih, anurun dadamel ing Jaman Kinna. Ananging wandanning dhuwung sami wewah, kados ingkang badhé kasorahhaken ing serat punnika. Dénné saka-wittipun, dadamel ingkang ageng-ageng kémawon, kadosta ingkang warni: gada, bindhi 1), bajra 2), lori 3), salukun, musala 4), sapanunggillannipun, sadaya wau boten kanggé ing Pulo Jawi.

PRATÉLANIPUN PARA NATA INKGANG AWIT YASA DADAMEL SARTA EMPUNIPUN

Ing ngandhap punnika pratélannipun Para Nata ingkang awit yasa dadamel sarta namanning Empu ingkang anggarap sakathahhing dhuwung yasa dalem.

1.
Sri Maharadja Déwa Buddha, inggih punnika Sang Hyang Guru Nata duk mangéja wantah wonten ing Madyapada. Jumeneng Nata wonten ing Wukir Mahéndra, ing mangké nama Ardi Lawu, ugi winnastan ing Nagari Purwa Carita. Sang Hyang Guru Nata wau karsa ayasa dadamel warni-warni, ingkang kathah-kathah boten kacariyossaken, namung yasannipun ingkang warni dhuwung kasebut ing ngandhap punnika:
1.1. Dhuwung dhapur Lar Ngatap. Satengah kahol 5), dhuwung dhapur

- 1) bindhi = gada, penthung.
- 2) bajra = tumbak kang landheppé lima.
- 3) lori = gada cilik.
- 4) musala = gada, penthung.
- 5) kahol = ujar, crita, gunem.

Lar Ngatap punnika leres, mawi sogokkan kakalih dumugi ing pucuk, ing ngajeng tanpa sekar kacang, ing gonyja wingking tanpa grènnèng.

1.2. Dhuwung dhapur Pasopati, satengah kahol, dhuwung dhapur Pasopati punnika leres, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng sekar kacangngipun sepang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

1.3. Dhuwung dhapur Cundrik, punnika leres, ganyjannipun kuwangsul, mawi grènnèng, mawi sogokkan kakalih.

Ingkang damel annama Empu Ramadi, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 152.

2. Panyjenengngannipun Nata Radja Balya, inggih punnika SAng Hyang Siwah nalika mangéja wantah, jumeneng Nata wonten ing Madyapada, akikitha wonten ing Mendhang Suwanda. Mendhang Suwanda punnika kaprenah ing Tannah Madiyun. Sang Hyang Siwah wau putrannipun Sang Hyang Maya, dados prennah kaponakkannipun Sang Hyang Guru Nata, ugi paparab Sang Hyang Siwah. Radja Balya punnika angarsakaken yasa dhuwung satunggal, dhapur Jalak Dinding, punnika leres, mawi pèjèttan, mawi tikel-alis, mawi sekar kacang.

Ingkang damel annama Empu Isakadi, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 216.

3. Panyjenengngannipun Nata Radja Bérawa, inggih punnika Sang Hyang Kala nalika ngéjawantah, jumeneng Nata wonten ing sa-lèr-ripun Wukir Mahéndra, wewengkon Wana Tulyan. Wukir Mahéndra punnika dipun wastanni Ardi Lawu. Wana Tulyan kaprenah ing Tannah Kuwu. Radja Bérawa wau karsa yasa dadamel warni dhuwung dhapur Kala Misanni, punnika leres, mawi sogokkan kakalih, ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Pusuk Sadi, ala Taun Jawi angleressi Sangkala 230.

4. Panyjenengngannipun Nata Radja Buddhawaha, inggih punnika Sang Hyang Brahma kala mangéjawantah, jumeneng Nata wonten ing Nagari Sawanda, lajeng kaelih nama Nagari Mendhang Kamulan. Radja Buddhawaha karsa ayasa dadamel warni-warni, saha dhuwung kados ingkang kapratélakaken ing ngandhap punnika:

4.1. Dhuwung dhapur Tilam Upih, punnika leres, mawi pèjèttan, mawi tikel alis.

4.2. Dhuwung dhapur Balé Bang, punika luk sawelas, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Brama Gedhali, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 261.

5. Nalika Radja Buddhawaha ginitik prang dhateng Radja Bérawa ing Wana Tulyan, Radja Buddhawaha sawadyannipun kèngser mangilèn, puruggipun dhateng Tannah Prayangngan, kèndel ing Wana Mendhang Gili, lajeng kiitha ing ngriku. Sareng sampun rampung, itha

Mendhang Gili kaelih nama Nagari ing Gilingwesi. Radja Bérawa wau angadhaton ing Mendhang Kamullan. Sang Hyang Wisnu amangéjawantah ingang kaping kalih, jumeneng Nata ing Madyapada, angadhaton wonten ing Mendhang Kamullan. Radja Bérawa kinnèn angratonni sakathahhing lelembut. Radja Bérawa amituhu sarèhning Sang Hyang Wisnu. Sanh Hyang Wisnu lajeng ajujuluk Maha Radja Buddha Kresna, Nagari Mendhang Kamullan lajeng aelih nama Nagari Purwa Carita. Radja Buddha Kresna wau inggih anurun sawarnining dadamel kados ingang asebut ing ngandhap punnika:

5.1. Dhuwung dhapur Sepang, punika leres, tanpa pèjèttan, ing ngajeng sekar acangngipun sepang.

5.2. Dhuwung dhapur Sumpna Bener, inggih punnika winnastan Sempner, punnika leres, mawi pèjèttan, mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Sapta Gati, kkala Taun Jawi angleressi Sangkala 265.

6.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Watugunnung, ing Nagari Gilingwesi, inggih punnika putrannipun Prabu Paléndra, dados Prabu Watugunnung wau wayahhipun Radèn Turunna, ingkang jumeneng Nata ing Nagari Purwa Carita, anggentossi Marasepuh, Radja Kanno, ugi ing Nagari Purwa Carita. Prabu Watugunnung inggih karsa ayasa dadamel warni-warni, saha yasa dhuwung kakalih, kkados ing ngandhap punnika:

6.1. Dhuwung dhapur Sempna Luk, punnika luk sawelas, terkadhang wonten ingkang luk pitu, mawi pèjèttan, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lamb gajah.

6.2. Dhuwung dhapur Bango Dholog, punnika luk tiga, mawi pèjèttan tanpa sekar kacang, tanpa grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Jagita, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 418.

7.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Kala ing Purwa Carita, inggih punnika buyuttipun Sang Hyang Wisnu. Prabu Kala wau ayasa dadamel warni-warni saha dhuwung kaalih ados ing ngandhap punnika:

7.1. Dhuwung dhapur Santan, punnia luk sawelas, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, mawi jénggot, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.

7.2. Dhuwung dhapur Karadhan, punnika luk sangalas, terkadhang ki rang saing sangalas, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lambé gajah, mawi jénggot, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.

Ingkang damel annama Empu Sugati, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 522.

8.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Basupati ing Wiratha, wayahhipun Sang Hyang Wisnu. Punnia inggih yasa dadamel warni-warni, menggah ingkang kacariyos namung dhuwung ingkang kados ing ngandhap punnika:

- 8.1. Dhuwung dhapur **Bakung**, punnika luk gangsal, mawi pèjèttan, mawi tiel alis, mawi grènnèng, tanpa sekar kacang.
 - 8.2. Dhuwung dhapur **Yuyu Rumpung**, punnika leres, mawi pèjèttan, ing ngajeng sekar kacangngipun sepang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- Ingang damel annama Empu Déwayasa, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 522.

9.

Panyjenengngannipun Nata **Prabu Dhestharata**, putrannipun Prabu Kresna Dipayana ing Nagari Ngastina. Ugi Yasa dadamel warni-warni, saha dhuwung titiga kados ing ngandhap punnika:

- 9.1. Dhuwung dhapur **Carubuk**, punnika luk pitu, mawi pèjèttan, pan niwèn, mawi sogokkan kakalih panyjangngipun sa-elu, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, mmawi ron-dha nunut.
- 9.2. Dhuwung dhapur **Kebo Lajer**, punnika leres, mawi pèjèttan, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 9.3. Dhuwung dhapur **Singa**, punnika leres, mawi sogokkan kalih, ing sekkar kacang mawi singa anyjongok lenggah ing gonyja ngajeng, sanginggil singa mawi tikel-alis, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Mayang, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 725.

10.

Panyjenengngannipun Nata **Sri Maha Punggung** ing Purwa Carita, angarsakaken yasa mamangun dadamel inna, dénné dadamel ingkang ageng-ageng sarta ingkang awrat-awrat boten dipun wangun, kadosta ingkang warniaa; gada, braja, boji 1), bindhi, salukun, musala, bedhama 2), alu gora 3), tunggul 4), alu-alu 5), gandhi 6), piling, palu, rajang, kalawahi 7), srampang, baranda, parasu 8), nanggala 9), cakra, nagawasa, naga sengkali, sawarninning dadamel punnikka sadaya sami dipun lebur kadamel waos kaliyan dhuwung, jemparing, towok 10), sabet 11), sapanunggillannipun, ingkang ènthèng. Punnika inggih taksih kawangun dipun yasanni, awit kala samanten titiyang ing Pulo Jawi mantun anggènnipun anganggé dadamel ingkang ageng kados kang kasebut nginggil wau. Inggih Punnika kala jumenengngipun Sri Maha Punggung ing Purwa Carita. Dénné Prabu Sri Maha Punggung inggih arsa yasa dhuwung, jemparing, waos, tuwin dadamel sannèssipun ingang ènthèng. Menggah dhuwung wau kapratélakaken kados ing ngandhap punnika:

- 1) bodhing = arit dawa.
- 2) bedhama = gegaman bongsa wadung (pethèl gedhé).
- 3) gora = gedhé.
- 4) tunggul = saèmper arit.
- 5) alu = gegaman awujud penthung dawa kang gilig.
- 6) gandhi = palu.
- 7) kalawahi = bongsa trisula (tumbak kang landheppé telu).
- 8) parasu = wadung (pethèl gedhé).
- 9) nanggala = anggo ambalang.
- 10) towok = tumbakk ang diuncallaké.
- 11) sabet = pedhang dawa.

- 10.1. Dhuwung dhapur Carita, punnika luk sawelas, mawi sogokkan ka kalih, ing ngajeng mawi sear kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja winging mawi grènnèng.
 - 10.2. Dhuwung dhapur Céngkrong, punnika leres, sarta kuwangsul, tanpa gonyja, tanpa pèjèttan.
 - 10.3. Dhuwung dhapur Urubbing Dilah, punnika luk satunggal ing pucuk, mawi pèjèttan, mawi tikel alis, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
 - 10.4. Dhuwung dhapur Panniwèn, punnika luk tigawelas, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sear kacang, mawi lamé gajah, ing gonyja winging mawi grènnèng.
- Ingkang damel annama Empu Sarwa Déwa, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1062.

PRATÉLANNIPUN PARA NATA INKGANG YASA AMANGUN DADAMEL KALA SABIBARRIPUN PRANG BRATAYUDA

Ing ngandhap punnika pratélannipun para Nata ingkang yasa amangun dadamel kala sabibarripun Prang Bratayuda.

1.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Gendrayana ing Nagari Mamennang, kaprenah ing Kadhiri, punnika ingkang awit mangun dadamel, saha sabibarripun Prang Bratayuda ayasa sarta angèmpèr dadamel warni-warni ing Jaman Kinna, ingkang sampun ical kala Prang Bratayuda, punnapa malih Sang Prabu Gendrayana ayasa dhuwung titiga, wandanipun amirip kados dhuwung 18 iji ingkang sampun kacariyossaken ing nginggil wau.

- 1.1. Dhuwung dhapur Pandhawa, luk gangsal, mawi pèjètan, mawi tikel-alis, tanpa sekar acang, tanpa grènnèng.
- 1.2. Dhuwung dhapur Kresna Tinandhing, punnika leres, mawi sogokkan kakalih, mawi sekar kacang ing ngajeng miwah ing wingking, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 1.3. Dhuwung dhapur Bima Krodha, punnika luk sangalas, mawi pèjèttan, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jénggot, ing gonyja winging mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.

Ingkang damel annama Empu Ramayadi, arining Empu Bratadi, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 827.

2.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Citrasoma ing Nagari Pengging, inggih angarsaaen mangun sarta yasa dadamel kados ingkang kasebut ing nginggil wau, punnapa malih ayasa dhuwung, kapratélakakken kados ing ngandhap punnika.

- 2.1. Dhuwung dhapur Mahéndra, punnia luk pitu, wiwitting luk kapara manginggil pucuk, mawi panniwèn, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 2.2. Dhuwung dhapur Lara Siduwa, punnika luk gangsal, wiwiting luk ing tengah wilah, mawi pèjèttan.

Ingkang damel annama Empu Gada Wisésa, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 941.

3.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Hamiluhur ing Nagari Jenggala, ugi yasa dadamel warni-warni, kados ingkang sampun kacariyossaken ing nginggil, saha yasa dhuwung kados ing ngandhap punnika.
- 3.1. Dhuwung dhapur Panji Sekar, punnika leres, mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja winging mawi grènnèng.
- 3.2. Dhuwung dhapur Carang Soka, punnika luk sawelas, mawi pèjèttan, mawi tikel alis, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 3.3. Dhuwung dhapur Panji Sinom, punnika leres, mawi sogokkan kaka lih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi mata widheng 1), mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.

Ingang damel annama Empu Windu Dibya tuwin Empu Jongga ing Pulo Bali, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1119.

4.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Kuda Laléyan ing Nagari Pajajarran, punnika inggih anurun wandanning dhuwung ingkang sampun kasebut ing nginggil wau, saha yasa dhuwung kados ingngandhap punnika.
- 4.1. Dhuwung dhapur Bethok, punnika leres, dedeging dhuwung celak ing ngajeng tanpa sear acang, ing gonyja tanpa grènnèng.
- 4.2. Dhuwung dhapur Brojol, punnika leres, ganyjannipun kaliyan wilah wradin kémawon, mawi pèjèttan.

Ingkang damel annama Empu Windusarpa, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1170.

5.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Banyjarran Sari nalika tasih jumeneng Nata wonten ing Pajajarran ugi ngarsakaken mangun yasa dadamel warni-warni tuwin dhuwung kaalih ados ing ngandhap punnika.
- 5.1. Dhuwung dhapur Tilam Sari, punnika leres, mawi pèjèttan, ing ngajeng tanpa sekar kacang, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 5.2. Dhuwung dhapur Parung Sari, punnika luk tigawelas, mawi pèjèttan, mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, mawi jènggot, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Daya Sangkala ing Taun Jawi angleressi Sangala 1186.

6.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Mundhing Sari ing Pajajarran, inggih amangun saha yasa dadamel sarta yasa dhuwung namung satunggal, dhapur Sinnom Wora-wari, punnia leres, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jènggot, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.
- Ingkang damel annama Empu Kajatsari, kala Tauj Jawi angleressi Sangkala 1228.

7.
Panyjenengngannipun Nata Prabu Pamekas ing Pajajarran inggih karsa amangun yasa dhuwung kados ingkang kapratélakkaken ing ngandhap punnika.

1) mata widheng = lung-lungnan rerengganning wrangka.

- 7.1. Dhuwung dhapur Jalak Ngoré, punika leres, tanpa sekar kacang, mawi pèjèttan, ing gonyja winging mawi grènnèng.
- 7.2. Dhuwung dhapur Carita Kalénthang, punnia luk pitulas, mawi pèjèttan, mawi tikel alis, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- Ingang damel annama Empu Anyjanni, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1248.

8.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Siyung Wannara ing Pajajarran inggih karsa amangun yasa dhuwung kados ingkang kapratélakkaken ing ngandhap punnika.

- 8.1. Dhuwung dhapur Jangkung, punika luk tiga, mawi sogokkan kakalih, tanpa sekar kacang, tanpa grènnèng.
- 8.2. Dhuwung dhapur Pandhawa Carita, punnika luk gangsal, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawwi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingang damel annama Empu Marcu Kundha akaliyan Empu Kudhung, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1248.

9.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Brawijaya Ingkang Kapisan ing Madjapahit, ugi angarsakaken mangun dadamel kados ingkang kacariyos-saken ing ngajeng, sarta yasa dhuwung kados ing ngandhap punnika.

- 9.1. Dhuwung dhapur Jalak Sangu Tumpeng, punnika leres, mawi sogokkan kakalih, ing goynja wingking mawi ri-pandhan satunggal.
- 9.2. Dhuwung dhapur Sumelang Gandring, punnika leres, mawi panni-wèn, ing gonyja wingking tanpa grènnèng.
- 9.3. Dhuwung dhapur Mangkurat, punnika luk tiga, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jénggot, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 9.4. Dhuwung dhapur Mangku Negara, punnika luk tigawelas, mawi sogokkan tiga, sogokkan ingkang tengah lajeng dumugi ing pucuk pisan, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, mawi jénggot, ing gonyja wingking mawi grènnèng.

Ingkang damel annama Empu Onggareksa ing Dhusun Tapan, tannah Pajajarran, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1303.

10.

Panyjenengngannipun Nata Prabu Brawidjaja Ingkang Wekassan ing Madjapahit, ugi karsa amangun dhapurring dhuwung, nurun kados ingkang kasebut ing nginggil wau, saha yasa dhuwung dhapur warni-warni kados ing ngandhap punnika.

- 10.1. Dhuwung dhapur Pannimbal, punnika luk sanga, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng tanpa sekar kacang.
- 10.2. Dhuwung dhapur Jarumman, punnika luk tigawelas, mawi panni-wèn, tanpa sekar kacang, tanpa grènnèng.
- 10.3. Dhuwung dhapur Sepokal, punnika luk pitulas, mawi pèjèttan, mawi tikel alis, tanpa sekar kacang.
- 10.4. Dhuwung dhapur Sabuk Inten, punnika luk tigawelas, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng.
- 10.5. Dhuwung dhapur Mundarang, punnika leres, ing ngajeng mawi sekar kacang sepong, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi ri-pandhan.

- 10.6. Dhuwung dhapur Buta Ijo, punnika luk tigawelas, mawi pèjètan sakedhik, mawi tikel alis, mawi sekar kacang sepan, tanpa grènnèng.
- 10.7. Dhuwung dhapur Annomman, punika luk gangsal, mawi sogokkan kakalih, mawi tikel alis, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut.

Ingkang damel annama Empu Dhomas, kathahhipun wolungngatus, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1381.

11.

Panyjenengngannipun Nata Sultan Ing Demak Ingkang Wiwittan, Jaman nipun Para Wali, Kangjeng Susuhunnan Bonnang inggih yasa dhuwung namung satunggal, dhapur Sengkelat, luk tigawelas, mawi sogokkan kakalih, ing ngajeng mawi sekar kacang, mawi jalèn, mawi lambé gajah, ing gonyja wingking mawi grènnèng, mawi ron-dha nunut. Ingkang damel annama Empu Sura, kala Taun Jawi angleressi Sangkala 1529.

BAB PAMORRING DHUWUNG

Ing ngandhap punnika bab pamorring dhuwung.

Sawarninning pamorring dhuwung ingkang botenna raja landhep punnipa winnastan prayogi. Sakathahhing dhuwung boten tamtu pamorripun, awit saèstunnipun manut sakarsannipun ingkang yasa. Bab saé utawi awonning angsarripun 1) dhuwung punnika pinnanggih wonten ingang andarbènni, wondénné ingang dados watonnipun dhapurring dhuwung. Inggih punnia ingkang sampun kasorahhaken ing nginggil. Menggah gambarring dhuwung ing ngandhap punnika amung kapratélaakkakken kawujuddan tuwin naminning pamor. Kadosta:

01. Dhuwung dhapur:	Pasopati	, pamor:	Wos Wutah.
02.	Jalak Dinding	,	Blarak Ngirit.
03.	Carita	,	Wengkon.
04.	Tilam Upih	,	Béndha Segada.
05.	Kala Misanni	,	Tambal.
06.	Pandhawa	,	Adeg Tiga.
07.	Sumpanner	,	Ron Dhuru.
08.	Lara Saduwa	,	Kennanga Ginnubah.
09.	Carang Soka	,	Sekar Pala.
10.	Kebo Lajer	,	Lawé Setukel.
11.	Panji Sekar	,	Katiga Warna.
12.	Panji Sinnom	,	Ombak Mas.
13.	Bethok	,	Sekar Lampes.
14.	Balé Bang	,	Adeg Sapu.
15.	Brojol	,	Sekar Blimbing.
16.	Parung Sari	,	Walang Sinnudukkan.
17.	Bima Krodha	,	Sulur Ringin.
18.	Urubbing Dilah	,	Ujung Gunung.
19.	Céngkrong	,	Pandhan Binnethot.
20.	Tilam Sari	,	Batu Lapak.
21.	Kradhan	,	Pudhak Sategal.
22.	Bango Dholog	,	Kendhagan.
23.	Mégantara	,	Udan Mas.
24.	Kresna Tinandhing,	,	Ombaing Toya.

1) angsar = daya kang anjalarri begja.

SEJARAHHIPUN PARA EMPU ING PULO DJAWI

Ing ngandhap punnika Sejarahhipun Para Empu ing Pulo Jawi:

01. Ingkang rumiyin: Empu Ramadi , puputra:
02. Empu Sukardi , puputra:
03. Empu Brama Kendhali, puputra:
04. Empu Jangkang , puputra:
05. Empu Janggittan , puputra:
06. Empu Déwa Rasa , puputra:
07. Empu Purwanggeni , puputra:
08. Empu Andong Purwa , puputra:
09. Empu Mayang , puputra:
10. Empu Mundhi Brata , puputra:
11. Empu Brata , puputra kalih: satunggal nami Kumbayana, kalih: Empu Wisésa, puputra:
12. Empu Kandhang , puputra:
13. Empu Sarwa Déwa , puputra:
14. Empu Windu Nata , puputra:
15. Empu Windu Dibya , puputra:
16. Empu Sarya , puputra:
17. Empu Daya Sengkala , puputra:
18. Empu Kajat Sari , puputra:
19. Empu Kajat Jati , puputra kalih: satunggal nami Empu Kekeb, kalih: Empu Kendhi Nènèm ingkang pandhé wonten samodra, panyjakipun 1) kakalih: satunggil nami Ki Kebo Bang kalih: Ki Kebo Tangtang.
20. Dénné Empu Kekeb wau , puputra:
21. Empu Sura Wisésa , puputra:
22. Empu Brama Kandhi , puputra:
23. Empu Anyjanni , puputra:
24. Empu Marcu Kunda , puputra kalih: ingkang sepuh nami Soka Windu, ingkang nèm nami: Empu Monyca; Soka Windu wonten Nagari Minnangkabu ing Tanah Sabrang.
25. Dénné Empu Monyca , putrannipun saawan, ing ang Pambajeng: Ki Kuwung, Panenggak 2): Ki Ongga wonten ing Tapan prenahhipun, Sumendhi 3): Ki Keleng, Wuragil: Ni Sombro.
- 26a. Dénné Ki Kuwung wau , puputra gangsal: ingkang Pambajeng èstri nami: Ni Sambéga, Pannenggak: Ki Jaka Jati, rayin nipun nami: Ki Pekik, rayinnipun malih nami: Ki Suratman, Wuragillipun nami: Ki Salahéta.
- 26b. Dénné Ki Ongga wau , puputra:
27. Ki Jigja.
- 26c. Ki Keleng wonten ing Madura nama Ki Kasa.
28. Dénné Ki Sura Wisésa wau , puputra kalih: ingkang sepuh nami: Ki Melayati, arinnipun nami: Ki Cakrabawa , puputra:
29. Empu Jaga , puputra:
30. Empu Kumendhung , puputra:
31. Empu Cangkring , puputra:
32. Empu Tilam , puputra:

1) panyjak = anthèkking pandhé.
 2) panenggak = pangulu, panengah.
 3) sumendhi = kakang wuragil.

33. lambangngan, puputra tiga: ingkang wonten ing Ba-
panenggak: Ki Supa, arinnipun nami Ki Supagati.
33a. Dénne Ki Seting Kunning puputra tiga, ingkang
Pambajeng nami: Ki Pitra, Panenggak: Ki Gedhog, arinnipun èstri,
krama angsal Ki Supa
33b. Dénne Ki Supa , puputra:
34. Ki Sura.
33c. Ki Supagati wau puputra:
35. Ki Lombang.

BAB DHAPURRING DHUWUNG INGANG LUK UTAWI INGKANG LERES

Ing ngandhap punnika kacacah dhapurring dhuwung, ingkang luk uta-
wi ingkang leres, punnapa malih ciri-cirinnipun, sami kapratélak-
kaken sadaya.

Dhuwung Ingkang Luk Tiga.

- | | | |
|-----|--------------------------|--|
| 01. | Dhapur: Jangkung | , luk tiga, mawi ri-pandhan, sekar kacang. |
| 02. | Gula Milir | , luk tiga, mawi sogokkan dumugi pucuk. |
| 03. | Jangkung Pacar | , luk tiga, mawi sekar kacang, so-
gokkan dumugi pucuk, mawi jéng-
got, mawi lambé gajah kalih. |
| 04. | Mahésa Nempuh | , luk tiga, mawi grènnèng wingking. |
| 05. | Mahésa Soka | , luk tiga, mawi grènnèng wingking,
mawi sogokkan dumugi pucuk, mawi
sekar kacang, mawi jènggot, lam-
bé gajah satunggal. |
| 06. | Tebu Sauyun | , luk tiga, mawi srawéyan, grènnèng |
| 07. | Bango Buthak | , luk tiga, geger papak satugel,
mawi sekar kacang, mawi lambé
gajah kalih. |
| 08. | Lar Monga | , luk tiga, mawi gandhik naga, ga-
jah, manu, pethit naga, ri pan-
dhan sungsun. |
| 09. | Campur Bawur | , luk tiga, ing pucuk leres, mawi
sogokkan, jènggot. |
| 10. | Jaran Pannolih (cundrik) | , luk tiga, gonyja dhungkul,
geger papak, pucuk luk tiga. |
| 11. | Segara Winottan | , luk tiga, mawi sekar kacang, jé-
nggot, sogokkan kakalih, ing
nginggil mawi ler dumugi pucuk,
mawi srawéyan, mawi grènnèng. |

Dhuwung ingkang Luk Gangsal.

- | | | |
|-----|---------------------|--|
| 12. | Dhapur: Pulanggenni | , luk gangsal, mawi srawéyan, grèn-
nèng. |
| 13. | Pudhak Sategal | , luk gangsal, mawi sekar kacang,
sogokkan, srawéyan. |
| 14. | Srasah | , luk gangsal, mawi sorsorran pin-
nekak, sekar kacang, ri pandhan,
ing tengah mawi ler, pinggir
mawi lungsèn dumugi pucuk. |

15. Pendhawa , luk gangsal, mawi sekar kacang, sogokkan, lambé gajah satunggal, srawéyan, ri pandhan.
16. Annomman , luk gangsal, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, ri pandhan, sogokkan dumugi pucuk.
17. Kebo Dhengngen , luk gangsal, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, gandhi panjang, gonyja kelap-lintah.
18. Pendhawa Laré , luk gangsal, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, ri pandhan, luk ageng.
19. Urap-urap , luk gangsal, mawi sogokkan rangkep, pinggir lungsèn lis-lissan.
20. Naga Sari , luk gangsal, mawi gandhik asu ajag.

Dhuwung ingkang Luk Pitu

21. Dhapur: Balé Bang , luk pitu, mawi sekar kacang, sogokkan, srawéyan, lambé gajah satunggal.
22. Sindur Maléla , luk pitu, mawi sekar kacang, lambé gajah kalih.
23. Carubuk , luk pitu, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, srawéyan, grènnèng.
24. Jarang Guyang , luk pitu, mawi pèjèttan lajeng thingil.
25. Naga Keras , luk pitu, mawi sorsoran, godhong lung-lungngan, sekar kacang sung sun.
26. Sempanna Panyjul , luk pitu, mawi sekar kacang, gandhik malang.
27. Sempanna Bungkem , luk pitu, mawi sekar kacang, buntut.
28. Kidang Mas , mawi grènnèng wingking.
29. Kidang Soka , mawi sekar kacang, lambé gajah kalih, srawéyan, ri pandhan.

Dhuwung ingkang Luk Sanga

30. Dhapur: Soka , luk sanga, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, srawéyan, ri pandhan.
31. Sempanna Luk , luk sanga arang, mawi sekar kacang, ri pandhan, tiel alis.
32. Jarumman , luk sanga, mawi sogokkan, srawéyan.
33. Jaruddah , luk sanga, mawi sekar kacang, sogokkan, srawéyan.
34. Pannimbal , luk sanga, mawi sekar kacang, sogokkan, srawéyan, grènnèng.
35. Sabuk Tampar , luk sanga, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, sogokkan satunggal ngajeng, ri pandhan.

36. Dhapur: Carita , luk sanga, mawi sekar kacang, lam bé gajah alih, jènggot, sogokkan, ri pandhan.
37. Buta Ijo , luk sanga, mawi sogokkan, srawéyan, ri pandhan.
38. Panyji Sekar , luk sanga, mawi sekar kacang pugut, srawéyan, ri pandhan.

Dhuwung ingang Luk Tigawelas

39. Dhapur: Parung Sari , luk tigawelas, prabot pepak sada ya.
40. Sengkelat , luk tigawelas, mawi sogokan, lam bé gajah satunggal, jènggot, ri pandhan.
41. Johan Mangan , luk tigawelas, mawi sogokan, grènnèng.
42. Kantar , luk tigawelas, mawi sekar kacang lambé gajah satunggal, ri pandhan, srawéyan.
43. Lung Gandhu , luk tigawelas, mawi sekar kacang, lambé gajah kalih, srawéyan, grènnèng.
44. Sepokal , luk tigawelas, mawi srawéyan.
45. Kara Welang , luk tigawelas, mawi sekar kacang pugut, wingking mawi tengerran wong, lambé gajah satunggal, ri pandhan sungsun.
46. Sengkelat Bima Kurdha, luk tigawelas, mawi jènggot sungsun, srawéyan, sogokkan.
47. Naga Siluman , luk tigawelas, mawi gandhik naga tanpa buntut.
48. Naga Sasra , luk tigawelas, mawi gandhik naga pethittipun dumugi pucuk, grènnèng sungsun.

Dhuwung ingkang Luk Gangsalwelas

49. Dhapur: Carita Buntala , luk gangsalwelas, mawi sekar kacang, jènggot, sogokkan, srawéyan, ri pandhan.
50. Mahésa Nabrang , luk gangsalwelas, mawi lis rangkep dumugi pucuk.
51. Rongga , luk gangsalwelas, wilah rangkep, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, grènnèng.
52. Rongga Pasu , luk gangsalwelas, mawi tikel alis, grènnèng.
53. Carang Buntala , luk gangsalwelas, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, srawéyan, ri pandhan.
54. Sèdhet , luk gangsalwelas, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, sogokkan, ri pandhan.

Dhuwung ingkang Luk Pitulas

55. Dhapur: Lanycingngan , luk pitulas, mawi sekar kacang, sorsorran pinnekak.
56. Ngamper Buntut , luk pitulas, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, grènnèng.

57. Dhapur: Tru Murda Dhuwung ingkang Luk Sangalas
 , luk sangalas, mawi tikel alis.
58. Dhapur: Tri Sirah Dhuwung ingkang Luk Salikur
 , luk salikur, mawi sekar kacang,
 tikel alis, sogokkan, lambé ga-
 jah satunggal.
59. Dhapur: Bima Kurdha Dhuwung ingkang Luk Salawé
 , luk salawé, mawi sekar kacang,
 sogokkan, jénggot, lambé gajah
 satunggal.
60. Dhapur: Ongga Wirun Dhuwung ingkang Luk Pitulikur
 , luk pitulikur, mawi sekar kacang
 lambé gajah kalih, sogokkan, ri
 pandhan.
61. Dhapur: Kala Bendu Dhuwung ingkang Luk Sangalikur
 , luk sangalikur, mawi sogokan, ri
 pandhan, lambé gajah kalih, se-
 kar kacang.

DHAPURRING DHUWUNG INKGANG LERES

Ing ngandhap punnika dhapurring dhuwung ingkang leres:

01. Dhapur: Brojol , punnika tanpa prabot.
02. Jalak Nguwung , punnika mawi gusèn, ada-ada, pè-
 jèttan, lajeng thingil.
03. Jalak Dinding , mawi gusèn, pèjèttan lajeng thi-
 ngil.
04. Jalak Ngoré , mawi srawéyan, grènnèng.
05. Jalak Sangu Tumpeng, mawi sogokkan, thingil.
06. Jalak Sumelang Gandring, mawi srawéyan, thingil, so-
 gokkan satunggal ngajeng.
07. Jalak Tilam Sari , mawi thingil.
08. Bethok , celak, wiyar, tipis, gandhik pan-
 jang.
09. Semar Bethak , celak, gandhik tinatah, ngandhap
 bolong.
10. Kebo Teki , wiyar, celak, mawi sekar kacang,
 lambé gajah tiga, mawi grènnèng.
11. Kresna Tinnandhing , mawi gandhik kalih, sogokkan.
12. Semar Tinnandhu , mawi sekar kacang kalih, mawi so-
 gokkan.
13. Régol , mawi gandhik kalih, mawi pèjètan
 terus lis.
14. Panyji Nom , mawi srawéyan, grènnèng.
15. Sinnom , mawi sekar kacang, lambé gajah
 satunggal, srawéyan, ri pandhan.
16. Pasopati , mawi gusèn, kembang kacang pong-
 ngol 1), sogokkan, ri pandhan,
 lambé gajah.

1) pongol = nglonyjok, nongol, monycol.

- | | | |
|-----|----------------------|--|
| 17. | Dhapur: Mandura | , mawi sekar kacang pogok 1), lambé gajah kalih, srawéyan, grènnèng. |
| 18. | Mèsem | , mawi sekar kacang, tikel alis, ri pandhan. |
| 19. | Tumenggung | , mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, srawéyan, grènnèng. |
| 20. | Kala Misanni | , mawi lambé gajah kalih, sogokkan grènnèng. |
| 21. | Jamang Murub | , mawi sorsorran pinnekak, lis. |
| 22. | Wora Wari | , sadaya dhuwung leres yèn mawi gu sèn punnika kénging dipun wastan ni ugi dhapur Wora Wari. |
| 23. | Tilammupih | , mawi pèjèttan, tikel alis. |
| 24. | Jaka Tuwa | , awak Tilamupih, sogokan cendhak. |
| 25. | Laler Mengeng | , mawi sekar kacang gatra, gandhik panjang binnolong. |
| 26. | Ronning Teki | , mawi sekar kacang, gandhik panyjang, lambé gajah rangkep, sogokkan satunggal ngajeng. |
| 27. | Puthuk | , mawi gandhik panyjang tinnatah pandhita. |
| 28. | Mangkurat | , mawi sogokkan, gusèn, ri pandhan ngajeng-wingking dumugi sorsoran |
| 29. | Kala Munnyeng | , mawi sogokan sisih, srawéyan, ri pandhan. |
| 30. | Marak | , mawi sogokkan satunggal ngajeng, grènnèng. |
| 31. | Jaka Lola | , ujung gunung 2). |
| 32. | Sujèn Ampèl | , gilig, mawi sekar kacang, lambé gajah satunggal, jénggot, ri pandhan rangkep. |
| 33. | Dhungkul Tilam Upih, | gonyja kelap lintah, gandhik panjang, sogokkan ngajeng. |
| 34. | Yuyu Rumpung | , wilah pedhang suduk, gonyja kelap lintah. |
| 35. | Mayat Miring | , wilah bengkok, gusèn, sogokan satunggal wingking, geger punuk. |
| 36. | Pinnarak | , mawi sogokkan, gandhik panyjang. |
| 37. | Condhong Campur | , mawi sekar kacang, lambé gajah kalih, grènnèng, gusèn, sogokkan ngajeng wingking dumugi pucuk. |
| 38. | Tilam Sari | , mawi gusèn, kruwingnan. |
| 39. | Kebo Lajer | , gandhik panyjang. |

Kasalin ukara dénning: Koko Widayatmoko.
 Katiti ing Ngayogjakarta, 17 Desember 1995.

- 1) pogok = ora turut, kaku.
 2) ujung gunung = sogokkan ingkang sanget cekakkipun, ugi winnastan: sogokkan wurung.



lib.ugm.ac.id



lib.ugm.ac.id

